ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№86 (22. 244) • 2012 гъэм накъыгъэм (майм) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Республикэм и Іэтащхьэр ислъам центрыр зэраухуэм йоплъ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэр иджыблагъэ еплъащ Налшык дащыхь ислъам цэнхабзэ еджапІэ центрым лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым. Абы унэщІэхэр кьыдэхиду1ьащ икІи пэш кІуэцІхэр кьыззэрыращыкІыр, сантехникэ, электрикэ Іэмэпсымэхэр зэрагъэувыр зригъэлъэгъуащ. Ухуакіуэхэм Кьанокъуэ Арсен кьыззэрыжраІамкІэ, лэжьыгъэ псори графикым тету йокІуэкІ, зыхуеину пкьыгъуэхэр, Іэмэпсымэхэр, машинэхэр яхурокІу.

КЪБР-м и Іэтащхьэм республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэмрэ Налшык кьалэм и администрацэмрэ я пщэ ирильхьащ ухуэныгъэщІэм зыхуеину коммуникацІэхэр зэрыращІыну проектыр икІэщІыпІэкІэ зэхальхьэну. Апхуэдэу Кьанокъуэ Арсен кьитІэуваду университет комплексыр зыхуей псомкІи зэгъэпэщауэ дыззрыт ильэсым и бжьыхьэм хьэзыр ящІыну.

Ухуэныгъэхэр кьызэхакІухьа нэужь, КЪБР-м и муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ сыт и лъэныкъуэкІи зэрызащІигъаІуэм папщІэ. «Іну берычэт бесын, диныр зыІыгъэхэм гульытэ зэрахуэщІым, мы ухуэныгъэр зэрекІуэкІым зэпымыууэ уи нэІэ зэрытебгъэтым папщІэ».

Ислъам центрым хеубыдэ КЪБР-м и Муслымэнхэм я дин Іэхуэщ1апІэм и лэжьапІэ унэр, Кавказ Ищхьэрэ ислъам университетым и еджапІэ унэр, ректоратыр, библиотекэр щылэжьэнухэр, общежитыр. Ухуэныгъэм трагъэкІуэдэну сом мелуан 200-р «Ислъам цэнхабзэм, щэныгъэм, егъэджэныгъэм зегъэужьыныкІэ фонд» папщІэ фондым кьыуІыпщащ. Абы щыщу нобэм ирихьэлІэу сом мелуани 150-р кьагъэсэбэпащ.

2011 гъэм и гъатхэпэм ирагъэжьа лэжьыгъэхэр ирегъэкІуэкІ Тыркум щыщ «Акьин Азай» ООО-м. Абы и лІыкІуэ Озай Алпер зэрыжиІамкІэ, псори зэхэту центрым и щылапІэр гектари 5 мэхъу. Мыгувэу ухуэн щІадзэнэущ зэуэ цІыху мини 5-м нэмэз щащІыну мэжджытыр. Унэ лъабжьэр зрагъэжьхьыну мащэр хьэзыр ящащ. Мэжджытыр 2013 гъэм кьыззэуахьнщ.

Ислъам щэнхабзэ-еджапІэ центрым и проектыр архитектор МатІу Заур игъэхьэзыращ. Ар щищІым абы кьыльыгтащ КЪБР-м и кьыхэщхьэхуКІынигъэхэр: «Мэжджытыр тхьпхьэщІыпхьэхэмкІэ, абдж зэмыфэгъуэхэр зыхэлъ щхьэгъубжэхэмкІэ, КЪБР-м ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэу лъэпкъхэм кьадэгъуэгурыкІуэ гъуэзджэм и нэщэнэхэр кьызыхэщ мозаикэхэр ягъэщІэгъэщІэнущ. Мэжджытым метр 35-рэ, аэхн джапІэм метр 65-рэ я Іыгагъыу щытынущ, унащхьэм зыплъыхьыпІэхэр щыІэнущ».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●КЪБР-м и Правительствэм

Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ехьэлІа дауэдапщэхэр

Дыгъуасэ КЪБР-м и Правительствэм иригъэкІуэкІа зи мыкъуэ зэІущІэм кьыщащІащ Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэм зыхуэгъэхьэзырыныкІэ абы ехьэлІа дауэдапщэхэр егъэкІуэкІыныкІэ кьызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр. А комитетым и унафэщІыр КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялэ къуэдзэ Жылэ Валерий.

Адыгэхэм я фэеплъ махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым накъыгъэм и 21-м щрагъэкІуэкІ. Илъэс тІощІ хьуауэ а фэеплъ махуэм и пэ кьикуэу республикэм нэщхьеягъуэ дауэдапщэхэр кьыщыззрагъэпэщ. Налшык кьалэм дэт «Гъащ1эм и жыг» мемориалым уда гъэгъахэр трапльхэри, зэкІуэдзэхэм яхуощІыхьуэ. Мы Іуэхур адыгэу дуней псом щызэбгрыдзахэми кьыщІэІ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Щ1алэгъуалэ палатэм и унафэщІ Джаппуев Мусса

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Уэнэм щекІуэкІащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и деж щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм и ещанэ хэхыгъэм и япэ зэІущІэр. Абы палатэм и унафэщІыр щыхахащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**, абы и кьуэдзэ **Саенко Татьянэ**, Щ1алэгъуалэм, жылагъэу зэгухьэныгъэхэм, щ1ыхуб э хьыбаерегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я Іуэхуэхмкіэ комитетым и унафэщІ **Хьэщхьуэжь Татьянэ**, нэгъэщІ комитет зыбжанэм я унафэщІхэр.

Щ1эуэ кьызэрагъэпэщащ палатэм щ1ыхуу 41-р (етІуанэ хэхыгъэм нэхъри щ1ыхуи 8-кІэ нэхъыбэ) хэтщ. Абыхэм ящ1ыщу 11-р республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, 14-р муниципальнэ, кьалэ щ1алэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ щ1ыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я деж щ1ыІэ щ1алэгъуалэ советхэмрэ, 10-р студент зэгухьэныгъэхэм, 6-р политикэ партхэм и щ1ыналъхьэ кьудамэхэм я лІыкІуэщ. Палатэм хьыджэбз 13, щ1алэ 28-рэ хэтщ.

Япэ зэІущІэм парламентар ныбжьыщІэхэм ІэІэткІэ щ1ыхахащ Щ1алэгъуалэ палатэм и унафэщІыр. Кандидатэу кьагъэхъэгъуаэху Лопатинэ Кристинэрэ (Май муниципальнэ районым и Щ1алэгъуалэм и союз) Джаппуев Муссарэ (Щ1алэгъуалэм и Іэрэдэмэхмкіэ институт) я программэхэр утыку кьраІулъха нэужь, нэхъыбэм кьалытащ палатэм и унафэщІым и кьулыкъур етІуанэм нэхъ хуэфащэу.

Къ Б Р-м и Парламентым и Щ1алэгъуалэ палатэм и лІыкІуэ УФ-м и Федерациэм Зэхуэсым и Кьэрал Думэм и деж щ1ыІэ Жылагъуэ щ1алэгъуалэ палатэм хэтыну Нэрэн БесЛъэн, палатэм и секретару Суворовэ Иринэ хахащ.

Чеченов Ануар парламентар ныбжьыщІэхэм ехьэхьуащ зэкъуэту, жыдэкъу зэдзэхьэну, зыкъуагъэувыж мурадхэр зрагъэхъуэлІэну. Апхуэдэу зэІущІэм хэтахэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ палатэм и етІуанэ хэхыгъуэм и унафэщІу щыта Шыпш Асльэн.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Зи щ1ыхьыр лъагэ

●Хъуэхъу

УФ-м и щ1эныгъэхэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ, СССР-м и Министрэм я Советым и сагъэстыр, РАН-м, КЪБР-м я Щ1ыхь тхыпльхэр зыхуагъэфащ а щ1эныгъэлІ щ1эрыІуэ, къэхутакІуэ емызэщ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж щ1ыІэ Жылагъуэ Советым хэт, Щ1эныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, щ1алэгъуалэхэм я политикэмкІэ абы и кьудамэм и унафэщІ, техникэ щ1эныгъэхэм я доктор, профессор Иуан Пётр Мацэ и кьэм и ныбжьыр ильэс 70 ирокІу.



Естественнэ Щ1эныгъэхэмкІэ Урысей Академием, Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Академием (Мюнхен), Щ1эныгъэхэмкІэ Нью-Йорк академием, нэгъэщІ щ1эныгъэ зыбжанэми я академик Иуаныр ящ1ыщ1 лъэпкъ щ1эныгъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа, кибернетикэмрэ компьютер технологиехэмрэ я лъабжьэр кьэралым щызыгъэтІылъ Іэщ1агъэлІ пажэхэм. Щ1эныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эныгъэ центрым и унафэщІ, Информатикэмрэ щ1ыналъэ управленэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и пашэ лэжьакІуэ емызэщ1ым хьэлэлу ирехьэкІ зыпэрыт Іэнатіэкэр. Ар и кьаруи и зэфІэкІи еблэжьыкьым щ1эныгъэм и зыужьныгъэр щ1ыхуэм и гъащІэр егъэфІэкІуэным хуиунэтІын папщІэ, бгъэдэлъ щ1эныгъэ куумкІи къыдэлажьэхэм, Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэм ядогуашэ. Абы и кьалэмыпэм кьызныкІащ щ1эныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэу щэ бжьгъэхэр. Ахэр кьытрадзэ ди кьэралым, хамэ щ1ыпІэхэм щыщІэрыІуэ щ1эныгъэ журналхэм. Иуан Пётр и щІэр иратащ США-м кьыщыдэкІа «Дуней псом и цІыху щэджащэ 5000» тхьылъым.

ЗэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ щ1эныгъэлІ щ1ыпІуэм хэхуэхэр зыщІэныгъэ щ1ыпІуэм и унафэщІыр.

Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Сабийхэр пфІэкІуэдыныр гуэвэгъуэшхуэщ

НОБЭ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьыбар гуауэ кьыльыІэсащ - Ставрополь крайм щыщ Иноземцевэ поселкэм хуэзэу гъэтурэ дзэхэри щхьэпридзащ республикэм и Іуащхьэмахуэ районым щыщ сабийхэр зэрыс автобусыр. А щІэщхьэм щІыхуипІ - сабийуэ тІупр балигъыу тІуру - хэкІуэдащ, адрей сабийхэми фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр хахащ. Си унафэкІэ, КЪБР-м и зыншагъэр хьумэныкІэ и министрым и кьалэн зыгъэзащІэ КІэщІалий Анатолий занщІэу Пятигорск кІуащ, лей зытехьахэмрэ адэ-анэхэмрэ зыхуеину псомкІи ядэІэпыкъунгъэ я ягъуэтынущ, мылъкуКІэ зыщІагъэкъуэнущ.

Сэ адэ-анэхэм кьатепсэха а гуауэщхьэр нэсу зыхьзэщІэ. Хэкіуэдахэм я Іыхьлыхэм сахуогузавэ, фэбжь зыгъэтахэми сигу ящІогъу. Мы гуэвэгъуэшхуэм дерс хахьн хуейщ гъуэгуэм зэрыщІэзекІуэ хабзэхэр кьизымыдзэхэм, гъуэгуэм щымысакъхэм, езыхэм я гъащІэмкІи адрей цІыхуэхэм я гъащІэмкІи яхь жуэупЫр нэсу зыхэзымыщІэхэм. Сабийхэр пфІэкІуэдыныр хэщІыныгъэ хьэлъщ. Сэ си щхьэкІэ си нэІэ тезгъэтынущ а кьэхъуэкащІэм и щхьэусыгъуэхэр зэрызэхгъэкІым.

КЪБР-м и Правительствэм дыгъуасэ пІащІэ-гъуэкІэ иригъэкІуэкІа зэІущІэр кьыщыдзэІуахьащ хэтахэр яхуэщІыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Ставрополь крайм гъуэгуэм щыщхьэуа фэбжьым хэкІуэдахэм.

ДэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм зыщІагъакъуэ

МЫ гуэвэгъуэр 2012 гъэм накъыгъэм и 13-м Пятигорскрэ ЕсэнтІыгурэ я зэхуакум кьыщыхьащ. Кавказым и сабий зэчиифІэхэм я фестивалу Железноводск кьалэм щрагъэкІуэкІым хэтыни папщІэ Іуащхьэмахуэ районым щыщ Тырныауэ кьалэм икІ творческэ гупыр зэрыса ПАЗ автобусыр МАН автобусым жьэхэуэри, гъуэгубгъуэ ехуэхащ.

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Гертер Иван зэрыжиІамкІэ, а хьыбар гуэвэгъуэр кьазэрыІэрыхьэу Ставрополь крайм кІуащ КЪБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен, КЪБР-м и зыншагъэр хьумэныкІэ, щэнхабзэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр, МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІыр.

«Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен кьызэрысхуигъэувам тету Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм и пщэ изольхьэ гъуэгум кьыщыхьуа щІэщхьуэм хэкІуэдахэм я унагъуэхэм, фэбжь зыгъуэта псоми ахъшэкІэ ядэІэпыкъуным теухуа унафэм и проектыр игъэхьэзырыну», - жиІащ премьерым.

ЗэІущІэр зэриухуэ Правительствэм и лІыкІуэ Гертер Иван зи пашэ гупыр Іуащхьэмахуэ районым кІуащ хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм яхуэгъуэзэн, нэщхьеягъуэ Іуэхухэм хэтын папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсенрэ Ставрополь крайм и губернатор Зеренков Валерийрэ дыгъуасэ пщыдджыжьым щыІаш Ставрополь крайм щыщ Иноземцевэ поселкэм пэгъунэгъуэ гъуэгум кьыщыхьуа щІэщхьуэм фэбжь хэзыха сабийхэр зыщІэль Пятигорск кьалэ щхьэщхьэм. Гуэвэгъуэм щІыхуи 4-сабийуэ тІупр абыхэм ящІыгъуа егъэджакІуэу тІуру - хэкІуэдащ. Иджыпсту сымаджэщым щІыхь 17 щІэлъщ.

ОПЕРАТИВНЭ штабым и лІыкІуэхэм щІыналъхэм я унафэщІхэм жраІащ мы гуэвэгъуэр кьыщыхьуа дакьикъэм щегъэжьауэ зэфІагъэкІаэр, фэбжь нэхъ хьэлъэ зытельхэм яхуэгъэзауэ зэфІагъэкІыну я мурадхэр. Сымаджэхэм ящ1ыщ1 плІыр МЧС-м и лэжьакІуэхэм дыгъуасэ Москва ящащ клиникэ нэхъыфІхэм кьыщІэзэн папщІэ. Кьалащхьэм кьикІа дохутырхэм зэрыжаІамкІэ, Москва ящэн папщІэ кьыхаха сымаджэхэм дэІэпыкъуэгъу нэс иратын папщІэ кьалащхьэм кьыщІэзэн хуейщ.

Кьанокъуэ Арсенрэ Зеренков Валерийрэ пэшхэр кьызэхахІухьурэ, сабийхэм епсэльащ икІи Іэнат1эрэІэкІэ нэхъ псынщІэу кьызэфІэуэвэжьну екъуэхъуащ. УнафэщІитІми адэ-анэхэм псалъэ гуапэ кэдкьжраІащ Ставрополь щыщ дохутырхэмрэ кьегъэлажьэхэмрэ я лэжьыгъэм теухуауэ.

«Мыр икъуэкІэ гуэвэгъуэшхуэщ. Абы кьыдэкІуэу ди и нэгу щІэкІащ лэжьыгъэ псори зэщІэгъэуІуауэ кьызэрызэрагъэпэщар. ФІыщІэ яхузощІ Ставрополь крайм, къэралым и кьалащхьэм кьикІа дохутырхэм, сабий нэхъ льэрымыхьэр Москва ящэн папщІэ кьхъухьлъатэ къзызгъэкІуа МЧС-м. Псори зэщІэгъэуІуауэ икІи Іэкіуэлькіуэу лэжьащ. Сабийхэр кьегъэлъыпльа хэтэ псоми си щхьэкІэ сэ кьызбгъэдэкІыри ящІыгъуэ и щІэкІи берычэт бесын яжьзоІэ. Сабий псори кьызэфІэуэвэжьну сыщогугъ. Хэкіуэдахэм я унагъуэхэми фэбжь зыгъуэтахэми сыт и лъэныкъуэкІи защІэдгъэкъуэнущ, мылъкуКІэ дадэІэпыкъунущ»,- жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм. Апхуэдэу абы кьыхигъэщхьэхуКІащ мы гуэвэгъуэр кьыщІэхъуа щхьэусыгъуэхэр зэрызэгъэкІыр: «Абы папщІэ хабзэхьэмэ органхэм ядэлэжьэныкІэ ззэныгъэІу совет кьызэдгъэпэщынущ икІи мы гуэвэгъуэр кьыльыхэкІар Іэмал имыІэу сэтей кьащІынущ».

Ставрополь крайм и губернаторри сабийхэм я узыншагъэр икІэщІыпІэкІэ зэтеувэжьну екъуэхъуащ, абыхэм я анэхэми яхуэгъэзащ. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ Пятигорск кьалэ сымаджэщым медицинэ дэІэпыкъуныгъэр тэмэму кьызэрыщІыгъэр зэрагъэпэщар. «Дэ ди гъэпсыгъуэхэр зыльыпльыхьащ: «Фэбжь зыгъуэтахэм зэхэщІыкІ Іуам кьриубыдэу я Іуэхум зыкьыпльэащ. ЦІыкІуэр хуабжьу гужьеяти, иджы я гур нэхъ кьызэрыгъуэтыжащ. Ди автомашинэхэри Пятигорск кьэхІуауэ щыІэщи, дэтхэнэ сымаджэри и унэм нэхъ пэгъунэгъуэ щыІэ медицинэ Іуэхущ1апІэм яшэжьну хьэзырщ. Ауэ бзаджащІэ гупым щыщхэм а щІыпІэ дыдэм кьыщагъэуат газым елэжьу Балхавею щыІэ станцыам екІуалІэ бжьамийхэр. ЕтІуанэ бомбэри мэлыжьыхьым кьыщагъэуар а куей дыдэращ.

Щ1ыхьыбгъэхэр

УФ-м и лІыкІуэу Евросоюзым зэпымыууэ щыІэ Чижов Владимир дыгъуасэ Москва зэрыщыжьІамкІэ, Урысейр арэзыкъым абыиР ЕС-мрэ виззнэшэу зэкІэлъыкІуэныр гугъу ящІыну и ужь зэрытымкІэ.

Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, Сочи щекІуэкІыну Олимп Джэгуэр кьыщыхьблагъэкІэ, визэнщэу щІыхуэр зэрызекІуэну щІыкІэр мы гъэр икІыху яубзыхун хуейщ.

Зэхуэсахэм хьыбар ирихьащІэу, Урысейм и лІыкІуэм зэрыжиІамкІэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьэмыс щІыкІэ, а Іуэхум теухуауэ зэІущІэнущ УФ-мрэ �ЕС-мрэ я лэжьакІуэ гупхэр.

Ещанэу къаГауэ

Йеменым и илъэс-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Шабвэ щ1ыпІэм щІэпхъаджащІэхэм дыгъуасэ кьыщагъэуащ газ бжьамийхэр.

Ар зыпэсэгъуэхэм кьызэраІуэтэжьмкІэ, бомбэр кьауэри мафІэшхуэ кьэлыдащ, а щІыпІэм километр зыбжанэкІэ пэжьжьэхэми абы и бзийхэр япьагъуэ. Бжьамийр зыхъумэхэмрэ щІэпхъаджащІэхэмрэ Іэщ1экІэ зззэуащ, ауэ хэкІуэдахэм, уІэгъэ хьуахэм ятеухуа хьыбар зэкІэ къатакъым.

Иужьрей мазэрэ ныкъуэм кьриубыдэу Именым и газ бжьамий нэхъыщхьэр ещанэу кьагъауэ. Гъатхэпэм и 30-м «Ансар аш-шариа» яхуэгъэзауэ, зыхуэныкъуэхэм кІэ еупщІащ. Сабийхэм я адэ-анэхэм крайм, республикэм, Іуащхьэмахуэ районым и властхэм яхъль гулытэм папщІэ фІыщІэ хуащІащ, дохутырхэм я егупчыныгъэр яхьхагъэщащ. Кьанокъуэ Арсен абыхэм яжриІащ хуей щыхьэм деж КЪБР-м Узыншагъэр хьумэныкІэ и министерствэм зыхуагъэзэну. Абы кьалэн щащІащ сабийхэм зэпымыуу я якІэльыпльыну, зыхуэфащэ Іуэху псори дитэжьІыну. «Иджыри Москва кьыщІэзэн хуейуэ зыгуэр кьаухкІмэ, дывдзІэпыкъуну дыхьзэщІ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

КЪБР-м узыншагъэр хьумэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ КІэщІалий Анатолий сабийхэм я Іуэхум зыхуагъэпсэлъхьащ: «Фэбжь зыгъуэтахэм зэхэщІыкІ Іуам кьриубыдэу я Іуэхум зыкьыпльэащ. ЦІыкІуэр хуабжьу гужьеяти, иджы я гур нэхъ кьызэрыгъуэтыжащ. Ди автомашинэхэри Пятигорск кьэхІуауэ щыІэщи, дэтхэнэ сымаджэри и унэм нэхъ пэгъунэгъуэ щыІэ медицинэ Іуэхущ1апІэм яшэжьну хьэзырщ. Ауэ зэкІэ Ставрополь крайм и дохутырхэм жаІэм дедаІуэмэ нэхъ тэмэмщ. Сабийхэр республикэм щытщэжьнур абыхэм я узыншагъэм къезэгъыну кьащІтлъытам дежщ. ЗэкІэ ахэр Пятигорск и сымаджэщым щІэлъщ. Хэхауэ вжесІэну сыхуейщ фэбжь зыгъуэтахэм я Іыхьлыхэм мыарэзыуэ зыри зэрахэмытыр - абыхэм я нэкІэ ялъэгъащ мы сымаджэщым и дохутырхэм яхуэфІкІ кьызэрамыгъанэр».

Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Малкаров Асльэн зэрыжиІамкІэ, гуэвэгъуэр кьызэрыхьуар кьызэращІэу район администрацэм оперативнэ штаб кьыщыдзэрагъэпэщащ. «КЪБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ адэ-анэхэр «Интурист» хьэщІэщым щІагъэтІыдэхащ, адэ-анэхэр пщІэнэзу ягъашхэ, сабийхэм я деж хупту щІагъэхьэ».

Іуащхьэмахуэ районым щощыгъуэ. Гуэзэм кьыщыхьуа гуэвэгъуэм хэкІуэдахэр дыгъуасэ Тырныауэ кьалэм щыщІалъхьащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди гугъуехьхэр зэхащІыкІ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьыльыхуигъэзам наІуэу кьыхоущ властым и органхэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэхэм кьабгъэдэхуэу гугъуехьхэр нэсу кьаузэрыгурыІуэр. ЩІыпІэ унафэр нэгъэсауэ икІи тэмэму зегъэжІуэным елыьтащ щ1ыхуэм я жьыдэкъэрыгъэм я гукъыдэжьмрэ. Абы кьыхэкІыу мы тхыгъэм куууэ щ1ыгъуаз зыщ1ыщ1ым и деж гуапэ пщ1ымыхьуу кьаныркъым республикэм и Іэтащхьэм мэнэшалитетхэм нэсу дзыхь эрахунщІыр, жэуапкІэ зыныгъэ яин я пщІэ щ1ыгъуаз зыныгъэ ящІыну.

Кьанокъуэ Арсен кьиГъэуа кьалэнхэр яГъэзащІэурэ, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм лэжьыгъэ пыухыкІахэр зэфІагъэкІ. Муниципальнэ унафэщІхэр езыхэр щ1алажьэ щ1ынальхэм и щІыхуэхэм и гурыльхэрэ зыхущІэкъуэхэрэ нэхъыфІу щ1ыгъуаззщ, абы кьыхэкІыу зи чэзу кьалэнхэр дэгъэзекІынымкІэ Іэмал нэхъыфІхэр кьыхахльхьэфынущ. Апхуэдэ лужьакІуэхэм щ1ыщ1ыщ1 Пэнагуэ Максим - Тэрч районым и администрацэм и Іэтащхьэр, Темиржанов Махьты - Шэрэдж районым и Іэтащхьэр, Хьэгъэс Залымджрий - Налшык кьалэм и администрацэм и Іэтащхьэр, Кьанокъуэ Андемыркъан - Аруан районым и администрацэм и Іэтащхьэр, Гриценко Евгений - Янтарнэ кьуаж жылагъуэм и Іэтащхьэр, нэгъэущІ куэдри.

Муниципалитетхэм я республикэ зэгухьэныгъэр зэпымыуу елэжьынущ КЪБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыбзыхуа кьалэнхэр гъэзэщІэным. Ахэр хуэунэтІащ щІыпІэ унафэр зэрызэгъакІуэрэ кьэралым и Іэтащхьэм нэхъри нэхъ зэкІэлъыкІуэу зэтегъэувэным, граждан жылагъуэм и Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ политикэ тэмэм щегъэкІуэкІыным.

МАСЛОВ Николай,
КЪБР-м и Муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я советым и гъэзэщІакІуэ унафэщІ, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэхэм гу зылъатапхъэ

2012 гъэм и етІуанэ щ1ыхь накьыгъэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІегъэдэныным хигубыдэу накьыгъэм и 10 - 20-хэм махуитІ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ. А эзманым фэ кьэралми республикэм кьыщыдзэІуат, журнал зыбжанэм я уасэхэм кІэрыгъэхуауэ Іэ тевдзэну Іэмал фиІэнущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ кьевгъэхьын папщІэ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми Іэ щ1ытебдэ хьунущ.

КЪБР-м Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэ.

КЪБР-м щ1ыпсэухэм ящ1эн папщІэ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахьм, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэраІэжьм е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуХуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Адміністрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.



Зэкіэ зэгурыІуэркъым

УФ-м и лІыкІуэу Евросоюзым зэпымыууэ щыІэ Чижов Владимир дыгъуасэ Москва зэрыщыжьІамкІэ, Урысейр арэзыкъым абыиР ЕС-мрэ виззнэшэу зэкІэлъыкІуэныр гугъу ящІыну и ужь зэрытымкІэ.

Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, Сочи щекІуэкІыну Олимп Джэгуэр кьыщыхьблагъэкІэ, визэнщэу щІыхуэр зэрызекІуэну щІыкІэр мы гъэр икІыху яубзыхун хуейщ.

Зэхуэсахэм хьыбар ирихьащІэу, Урысейм и лІыкІуэм зэрыжиІамкІэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьэмыс щІыкІэ, а Іуэхум теухуауэ зэІущІэнущ УФ-мрэ ЕС-мрэ я лэжьакІуэ гупхэр.

Ещанэу къаГауэ

Йеменым и илъэс-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Шабвэ щ1ыпІэм щІэпхъаджащІэхэм дыгъуасэ кьыщагъэуащ газ бжьамийхэр.

Ар зыпэсэгъуэхэм кьызэраІуэтэжьмкІэ, бомбэр кьауэри мафІэшхуэ кьэлыдащ, а щІыпІэм километр зыбжанэкІэ пэжьжьэхэми абы и бзийхэр япьагъуэ. Бжьамийр зыхъумэхэмрэ щІэпхъаджащІэхэмрэ Іэщ1экІэ ззззуащ, ауэ хэкІуэдахэм, уІэгъэ хьуахэм ятеухуа хьыбар зэкІэ къатакъым.

Иужьрей мазэрэ ныкъуэм кьриубыдэу Именым и газ бжьамий нэхъыщхьэр ещанэу кьагъауэ. Гъатхэпэм и 30-м «Ансар аш-шариа» яхуэгъэзауэ, зыхуэныкъуэхэм кІэ еупщІащ. Сабийхэм я адэ-анэхэм крайм, республикэм, Іуащхьэмахуэ районым и властхэм яхъль гулытэм папщІэ фІыщІэ хуащІащ, дохутырхэм я егупчыныгъэр яхьхагъэщащ. Кьанокъуэ Арсен абыхэм яжриІащ хуей щыхьэм деж КЪБР-м Узыншагъэр хьумэныкІэ и министерствэм зыхуагъэзэну. Абы кьалэн щащІащ сабийхэм зэпымыуу я якІэльыпльыну, зыхуэфащэ Іуэху псори дитэжьІыну. «Иджыри Москва кьыщІэзэн хуейуэ зыгуэр кьаухкІмэ, дывдзІэпыкъуну дыхьзэщІ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

КЪБР-м узыншагъэр хьумэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ КІэщІалий Анатолий сабийхэм я Іуэхум зыхуагъэпсэлъхьащ: «Фэбжь зыгъуэтахэм зэхэщІыкІ Іуам кьриубыдэу я Іуэхум зыкьыпльэащ. ЦІыкІуэр хуабжьу гужьеяти, иджы я гур нэхъ кьызэрыгъуэтыжащ. Ди автомашинэхэри Пятигорск кьэхІуауэ щыІэщи, дэтхэнэ сымаджэри и унэм нэхъ пэгъунэгъуэ щыІэ медицинэ Іуэхущ1апІэм яшэжьну хьэзырщ. Ауэ зэкІэ Ставрополь крайм и дохутырхэм жаІэм дедаІуэмэ нэхъ тэмэмщ. Сабийхэр республикэм щытщэжьнур абыхэм я узыншагъэм къезэгъыну кьащІтлъытам дежщ. ЗэкІэ ахэр Пятигорск и сымаджэщым щІэлъщ. Хэхауэ вжесІэну сыхуейщ фэбжь зыгъуэтахэм я Іыхьлыхэм мыарэзыуэ зыри зэрахэмытыр - абыхэм я нэкІэ ялъэгъащ мы сымаджэщым и дохутырхэм яхуэфІкІ кьызэрамыгъанэр».

Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Малкаров Асльэн зэрыжиІамкІэ, гуэвэгъуэр кьызэрыхьуар кьызэращІэу район администрацэм оперативнэ штаб кьыщыдзэрагъэпэщащ. «КЪБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ адэ-анэхэр «Интурист» хьэщІэщым щІагъэтІыдэхащ, адэ-анэхэр пщІэнэзу ягъашхэ, сабийхэм я деж хупту щІагъэхьэ».

Іуащхьэмахуэ районым щощыгъуэ. Гуэзэм кьыщыхьуа гуэвэгъуэм хэкІуэдахэр дыгъуасэ Тырныауэ кьалэм щыщІалъхьащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

НОБЭ

u Унагъуэм и дунейпсо махуэщ

u Илъэси 145-рэ ирокІу Жор Плъыжьым Урысейм щиІэ зэгухьэныгъэр.

u 1935 гъэм Москва и метрополитеным лэжьэн щІидзащ.

u 1972 гъэм Японием рэ США-мрэ я правительствэхэм зэращІыІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, Америкэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм кьыщІизэуауэ щыта Окинава хьытыгъэ Японием иритыжащ.

u Илъэс 55-рэ хьуащ Инджылызым и лэпэ тренерэ зэрыгъэунэхуэр.

u Накъыгъэм и 15 - 16-хэм Москва щекІуэкІынущ Евразием и экономическэ зэгухьэныгъэм (ЕврАзЭС) хэтхэм я парламентхэм я ассамблеем и 14-нэ зэІущІэ.

u 1942 гъэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр льэпкъ щууей дивизэр зауэм Іухьащ.

Щодкэн Замир Мухъэдин и къуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Бахьсэн къалэм и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям я1кIэ ирикIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. **Щодкэн Замир Мухъэдин и къуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Бахьсэн къалэм и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэситу пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыг и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1107-IП-П

Щынахьуэ Замир Мухьэмэд и къуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Май районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям я1кIэ ирикIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. **Щынахьуэ Замир Мухьэмэд и къуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Майр районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэсищIпIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыг и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1108-IП-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетыр къэлэтыгъэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыг и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1111-IП-П

Цыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа докладым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Цыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ Зумакулов Б. М. 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа докладым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

Цыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа докладыр къэлэтыгъэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыг и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1112-IП-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Ухунэгъэмкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Тау

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям и1кIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Ухунэгъэмкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ хэхьан **Сокъур Олег Хьэчим и къуэр**.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыг и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1114-IП-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхэсым Федерацэмкlэ и Советым щыIэ Къэжэр А. Хь. 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа информацэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхэсым Федерацэмкlэ и Советым щыIэ Къэжэр А. Хь. 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа информацэр къэлэтыгъэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1140-IП-П

Кlуэкlуэ Къазбэч и псалъэ.

«Къэралыр и щIэгъэкъуэну мэкъумэш Iэнатlэр страховани зэрещI Iэмалыщlэр. 2012 гъэм а Iуэхур кьыдзэрызэрагъэпэщыну щыкlэмрэ хабзэмрэ» - араш зытеухуауэ щытар Налшык дэт «Синдика» хьэщIэщым мэлыжьыхьым и 26-м щызэхэта семинарыр.

● Семинархэр

И мыхьэнэр къалытэ

УРЫСЕЙ Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм и жэрдэмкlэ кьыхалъхьа зэIущIэм хэтащ республикэм и гъавэгъэкIэмрэ зэIущIэхэм я1кIэ Кlуэкlуэ Къазбэч Балькъэрым мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Кlуэкlуэ Къазбэч** зэхьыхэр кьыщызэIуихьы кьыхигъэщащ иужьрей ильэсхэм агропромышленнэ комплексым зэпlэзэрыту, жыдэжру зэрызиужьыр, Къэралыр программэм и фыIыгъэкlэ кредит, финанс дэlепыкъунытlэу кьаIэрыхьэм зэрызхьэр.

- Гъэм и сыт хъэзэмани мэкъумэшыщlэхэр лъэпощхьэпо куэдым хуоз. Дунейм и щытыкlэм, и кьхьуэкьащlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я гугъуехьыр псыхэкlуадэ ищlыным хуэIуа щыlэкьым. Абы кьыхэкIыу нэхъ набдзэгубдзаплъэу Iуэхум бгъэдыхьэн, кьэкlыгъэхэр страховани зэрещI Iэмалыр зыуб-гъуэу кьагъэсэбэпын хуейщ, - жиIащ Кlуэкlуэ Къазбэч. - Мыхьэнэшхуэ зиlэ псалъэмакъыр ди деж кьыщыхэзыплъхьэм фIыщIэ яхуэзощ, абы ди гъавэгъэкIэр мэкъумэш страховани зэрырагъэгугъэшхуэнум шэч хэлъкьым. Кьапщтэмэ, вапlэрэ пхъэщхьэмыщlхьэ хадэу диlэ гектар мин 300-м щыщу мин 15-м щIигъур нэгъабэ а Iэмалым хуэкlуащ. Ар куэдкьым, ауэ къэралым мэкъумэшыщlэхэм зэрызащIигъакьуэ хабзэщIэм и фIыгъэкlэ, ди республикэм агростраховани дяпэкlэ нэхъ жыджэру зыщиужьыну дыщоугъ.

Ялэу псалъэ кьэзыщта, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм экономикэмрэ анализымкlэ и департаментым и кьудамэм и унафэщI **Котляр Тимур** зэпкрыхауэ кьытеувыIащ кьэралыр и щIэгъэкъуэну мэкъумэш Iэнатlэр страховани зэрещI Iэмалыщlэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэмрэ и ефIэкIыныгъэмрэ. Абы кьызэрегъэльэгъуамкlэ, нэхьапэм а Iуэхур зэрызэрахьа щыкlэм щыщIэныгъэ куэд хэлъащ, фейдэуэ пылъыр мащIэт. Къэрал программэр гъэзэщIэн щыщадза 2008 гъэльапэрэ страховани щIатам щыщ Iыхьэ яхуэпшыныжьым субсидие папщIэу сом мелард 14,5-м нэблагъэ хуахакьми, щытыкlэр щIагъуэу ирипсэфIэкIуакьым.

- Абы кьыхэкIыу, Къэрал Думэм и депутатхэр, Федерацэмкlэ Советым щыщхэр, федеральнэ Iэнатlэхэм, страховани зэщIхэм я зэгухэкьащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я гугъуехьыр псыхэкlуадэ ищlыным хуэIуа щыlэкьым. Абы кьыхэкIыу нэхъ набдзэгубдзаплъэу Iуэхум бгъэдыхьэн, кьэкlыгъэхэр страховани зэрещI Iэмалыр зыуб-гъуэу кьагъэсэбэпын хуейщ, - жиIащ Кlуэкlуэ Къазбэч. - Мыхьэнэшхуэ зиlэ псалъэмакъыр ди деж кьыщыхэзыплъхьэм фIыщIэ яхуэзощ, абы ди гъавэгъэкIэр мэкъумэш страховани зэрырагъэгугъэшхуэнум шэч хэлъкьым. Кьапщтэмэ, вапlэрэ пхъэщхьэмыщlхьэ хадэу диlэ гектар мин 300-м щыщу мин 15-м щIигъур нэгъабэ а Iэмалым хуэкlуащ. Ар куэдкьым, ауэ къэралым мэкъумэшыщlэхэм зэрызащIигъакьуэ хабзэщIэм и фIыгъэкlэ, ди республикэм агростраховани дяпэкlэ нэхъ жыджэру зыщиужьыну дыщоугъ.

Котляр Тимур щхьэхуэу зэпкрихащ кьэралыр и щIэгъэкъуэну мэкъумэш Iэнатlэр страховани зэрещI Iэмалыщlэм и щIапIэхэмрэ и лъабжьэмрэ зыхуэдэм. Апхуэдизу

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэрращыIэнум, компенсацэхэр зэратынум, кьэрал дэlепыкъунытlэр страховани зыщIну хуит компаниехэм я зэгухьанытlэхэр кьызэрызэрагъэпэщынум теухуахэр, нэгъуэщIхэри.

- ЕтIанэгъэ щыщIэдзауэ кьэралыр и щIэгъэкъуэну Iщ гъэхъунымк и Iэнатlэри страховани тщIынущ. УФ-м и Правительствэм абы теухуа докладфэ егъэхьэзыр. Ди министерствэм мы гъэм мэкъумэш страховани зэрещI Iэмалыр дэ 6 хуэхэри, ар фейдэ пылъу кьэдгъэсэбэпын хуейщ, - кьыхигъэщащ Котляр Тимур.

«Къэралыр и щIэгъэкъуэну мэкъумэш Iэнатlэр страховани щIынымкlэ федеральнэ агентствэ» ФГБУ-м и унафэщI **Щербаков Виктор** кьызэригъэльэгъуамкlэ, мы гъэм щIышылэм и 1-м кьаруствэ мин 25-м нэсым узгъур яльэIасащ, сом мелард 41,6-рэ хэщIыныгъэу ягъуэтащ. Абыхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ, кьэралым мелард 35-рэ яхуэхихащ, - жиIащ Федеральнэ агентствэм и Iэтащхьэм. - Урысейм и щIналъэ куэдым страховани зщIагъэкъуэн папщIэ, кьэралым мелард 41,6-рэ хэщIыныгъэу ягъуэтащ. Абыхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ, кьэралым мелард 35-рэ яхуэхихащ, - жиIащ Федеральнэ агентствэм и Iэтащхьэм. - Урысейм и щIналъэ куэдым страховани зщIхэм я кьэзыгъэкIыным, щхьэусыгъуэхэр кьэхутэным, зэхэсгъэкIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

«Агростраховани зыщIхэм я лъэпкъ зэгухьанытlэм мыкоммерцэ организацэм и гъэзэщIакIуэ унафэщIым и кьуэдзэ **Скрягин Александр** кьызэрыхигъэщамкlэ, кьэралым и щIэгъэкъуэну страховани зыщIну хуитыр агростраховани зэзыгъэкIыжьхэм я союзым и кьудамэхэм хэтхэрщ. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ, Финансхэмкlэ и министерствэхэм, финансырынокымкlэ федеральнэ Iуэхущlапlэм я жэрдэмкlэ 2007 гъэм кьызэрагъэпэща зэгухьанытlэм Урысеймрэ щIналъэхэмрэ я страховой организацэ щIэныгъэхьэу 27-рэ хэтщ, и устав мылькур сом мелард 60-м ноблагъэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ страховой ахъшэр етыжьанэу и чэзум зэфIэгъэкIыныр, чэнджэщлэ ядэIэпыкъуныр, мэкъумэш страховани и рынокым хэтхэм я лэжьыгъэр зэгъэуIуныр, абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр хьуна-гъэ зэрызэрагъэкIыжьыр, страховани зыщIу щыт и пщалъэщIэхэр кьэгъэсэбэпыныр.

- Страховани зыщIхэмрэ мэкъумэш Iэнатlэхэмрэ зэрызэлъаIэ щIыкlэр зэредгъэфIэкIуэным дыхущIокьу. Нэгъабэ хозяйствэ мини 5-м страховани щедгъэкIуэкIащ, зэгурыIуэныгъэ мини 7-м щIигъу зэттщIылащ, гъавэ щIапIэу гектар мин 14 а Iуэхум кьызэщIедгъэубыдащ, ди зэгухьанытlэм щIыщ компаниехэм страховой саугъэту сом меларди 6,1-м нэблагъэ яхуэхэтхащ. Ди союзым хэт страховой компаниехэм я тарифхэр адрейхэм ейхэм нэхърэ ику иту процент 30-кlэ нэхъ мащIэщ. Дэ дызыхущIэкъуэр мэкъумэш Iэнатlэхэм защIэгъэкъуэнырщ, армыхьумэ, абыхэм я хьэкlэ-ди мылькур гъэбэгъуэнракьым. Абы и щIихьэтщ нобэкlэ дызыхуэнсэхэр.

Кьэралыр и щIэгъэкъуэну мэкъумэш Iэнатlэр страховани зэрещI Iэмалыщlэр зыхуэдэм, абы щIигъэбелджылахэм зыхагъэгъуэза нэужь, республикэм и гъавэгъэкIэм я чэнджэщлэ кьыхальэгъуэ Iуэхугъуэхэмрэ ятхыну, ахэр я гъжьыгъэм кьыщагъэсэбэпыну зэгурыIуащ.

ЗэIущIэм и кIэуэм КЪР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрым и къуэдзэ Кlуэкlуэ Къазбэч кьызэхэсхэр кьыхуриджащ я гъавэ щIапIэхэр дунейм и кьхьэкъащIэхэм щахьыдэн папщIэ, агростраховани и Iэмалыфмрэ кьэралым и дэlепыкъунытlэмрэ нэхъ жыджэру кьагъэсэбэпыну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Абы дегъэпIейтей

Дауэ щIыналъэхэм зауэжьрэ?

КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэр теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм Финансхэмкlэ и министерствэм нэгъабэ зэфIигъэкIахэр щыIэхьэлъхьэжа зэхьыхьэм кьрикIуахэм. Абы хэтащ Путин Владимир.

РЕСПУБЛИКЭМ финансхэмкlэ и министр Бышэн Аз-рэт зэрыжиIамкlэ, Правительствэм и Унафэщым и къэпсэлъэныгъэр триухуащ кьэралым и экономикэм и щытыкlэм, абы и зыужьыкlэр зыхуэдэм, кьапэщыгъ кьалэнхэр зэрызэфIахыну я мурадхэм. Путин Владимир финанс Iэнатlэм пэрытхэм фIыщIэ яхуищащ дунейпсо экономикэ кризисым и гугъуехьхэр кьызэнэкlыным кьыщагъэлъэгъуэ зэфIэкIым папщIэ.

- УФ-м финансхэмкlэ и министр **Силуанов Антон** и докладыр щIыналъэхэм я зыужьыным триухуащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и гугъу щIащIым, абы кьигъэльэгъуащ бюджетыр зэрызэщIэдгъэуIуэр нэгъабэ елъытауэ зы процентри пщIанплIкlэ зэрыгъэмэщIар, щIыхьэхэм кьаIэрыхьэм текьэ налогыу кьыхэхтым процент 16-кlэ зэрыхэдгъэхьуар, фадэхэкlэм я акцизхэм кьапэкlуэм зэрякlэрыхьуар. Арамм, щIналъэхэм я бюджетыр зыхуэдэр зэхьэзыгъэ пщалъиблымкIи Къэбэрдей-Балькъэрым дагъуэ гуэри кьыхуащIакьым, - жиIащ Бышэным.

Силуанов Антон финанс Iэнатlэхэм яхуигъуэщ кьэралым и бюджет политикэр зэман гъунэгъум зэрадбыхьну щыкlэр щыщIэзгъэуIуэ кьалэн нэхъыщхьэу 10. Бышэн Аз-рэт зэIущIэм щигъэбелджылащ ахэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ кьапэщытхэр. Апхуэдизу кьэралыр щыхуэр гъэмэщIэнымр, бюджет гъэпсыкlэр егъэфIэкIуэным, кьэралым и хэщIкэр зэхуэгъэкIуэным, бюджет Iэнатlэхэм я кредитор щIыхьэхэр гъэмэщIынымрэ зытетэгъэкIыжьынымрэ, бюджет зэхуэку зэхущытыкlэхэм я методикэр кьагъэщIэрэщIэнымр, нэгъэщIэкэри.

Финансхэмкlэ министрым и къуэдзэ **Калабеков Аз-рэт** кьызэхуэзащ яхуиIуэтащ республикэм и щIыпIэ бюджетхэр нэгъабэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Абы кьызэригъэльэгъуамкlэ, псори зэхэту щIыпIэ бюджетхэм сом меларди 8-рэ мелуан 576-рэ зэзэщIагъэуIуащ. Ар ипэ ита ильэсым ельытауэ процентыр 9,4-кlэ нэхьыбэщ. Бэхъум я хэхъуэхэр сом меларди 2-рэ мелуан 811-рэ, къэралым кьаритар меларди 5-рэ мелуан 765-рэ мэхъу. Iуащхьэмахуэ, Аруан, Лэскэн, Прохладнэ районхэм, Налшык кьалэм налогыу щызэхуахьыжьар ику иту республикэм кьыщыхахам нэхърэ нэхъ мащIэщ.

- ЩIыпIэ бюджетхэм хэщIэхэмкlэ кьапэщытар сом меларди 8-рэ мелуан 372-рэ хъуэ яхуэхьэзащ. Абыхэм я процент 63-р улахуэм, проценти 7-р мылъку гъэтIылъыгъэхэм, проценти 6-р комунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэхахащ, - кьыхигъэщащ къэпсэлъам.

Финансхэмкlэ министрым и къуэдзэ **Тау Бесльэн** кlэщIу кьытеувыIащ «Къэрал (муниципальнэ) Iэнатlэхэм я правовой щытыкlэр зэрыкъаратlа-кlуэм кьыхэкIыу, Урысей Федерацэм и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкlыныгъэхэр зэхьэзыным и Iуэхукlэ» 2010 гъэм накъыгъэм и 8-м кьащта Федеральнэ закон №83-ФЗ-р щIыпIэхэм зэрыщагъэзащIэм.

ЗэIущIэр щызэхущIыкьым Бышэн Аз-рэт коллегием хэтхэм я гугъэкIыжьащ республикэ бюджетым хальхьэну зэгъэзэхуэжьныгъэхэр зыхуэдэм я кьыкlэлъыкlэ зэхьэхьэм зэрыщыкъэлъэнр, абы егупъуэ зыхуэзэхъэзырыр зэрыкуейр.

АРУАН Алий.

Мазищыр зыхуэдар

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыкlэхьажащ федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кlэтхыпIхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм и яп мазищым зэфIагъэкIахэр. Абы хэтащ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэр.

ЗИ ГУГЪУ тщы зэманым кьэриубыдэу ныкьуасаныгъэ 12296-рэ кьыщIагъэщащ, яхуэзымыдэ тхыльу 1543-рэ, кьалэн ящIэлащIу 1196-рэ къуаншэхэм хуатхащ, судхэм иск 3217-рэ иратащ, кьулыкъущIэ 696-рэ дисциплинэ, 251-рэ административнэ жэуапхэм ирашэлIащ, 176-м хабзэм текI зэрымыхьунур гурагъэIуащ, прокурор кьэпщытэныгъэхэм кьарикIуам ипкь иткlэ, уголовнэ Iуэхуу 43-рэ кьаIэтащ.

Экономикэм и Iэнатlэхэм законодательствэр кьыщыдзэпаудауэ щыщIэныгъэ 1380-рэ кьыщыхуэтати, яхуэзымыдэ тхыльу 183-рэ, кьалэн ящIэлащIу 201-рэ хуатхащ, судхэм иск 222-рэ иратащ, кьулыкьущIэу 146-рэ дисциплинэ, 39-рэ административнэ жэуапхэм ирашэлIащ, 21-м хабзэм ебакьуэ зэрымыхьунур гурагъэIуащ, уголовнэ Iуэхуу 15 кьыхэIуахащ.

Щыхуэхэмкlэкlэ я хуитыныгъэхэр зэрахъуэмэ кlэлъыплъныныр республикэм и прокуратурэм и Iэнатlэхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ. Кьапщтэмэ, улахуэр зэрат щыкlэм ныкьуасаныгъэ 4525-рэ кьыщыщIагъэщащ. Кьуаншэхэм яхуэгъэзауэ тхыльу 68-рэ яткащ, абыхэм япкь иткlэ, кьулыкьущIэ 54-м дисциплинэ жэуап ирагъэхьащ, зым хабзэм текI зэрымыхьунур гурагъэIуащ. Улахуэр и чэзум зэрамытам кьыхэкIыу, УФ-м и КоАП-м и 5.27-нэ статьям и яп Iыхьэмкlэ предприятэхэмрэ органнэ-зацэхэмрэ я унафэщI 29-рэ ирашэлIащ. Лэжьакlуэмкlэ щIыхьэ зэраттыр зэрыщIэхьуэжьыным, мэкъумэш страховани и мыхьэнэ зэгъэхъуэным, гъавэгъэкIэр Iуэхум тегъэущэжьын, кьэралым и щIыналъэхэм я финанс щIыткlэр егъэфIэкIуэным. Абы и лъэныкьуэкlэ кьэуэ кьалэн нэхъыщхьэ псори УФ-м и Правительствэм игъэбелджылащ, ди министерствэми унафэкlэ кьыщтащ, - жиIащ кьэнсэлъам.

Котляр Тимур щхьэхуэу зэпкрихащ кьэралыр и щIэгъэкъуэну мэкъумэш Iэнатlэр страховани зэрещI Iэмалыщlэм и щIапIэхэмрэ и лъабжьэмрэ зыхуэдэм. Апхуэдизу пенсэмкlэ законодательствэр гъэзэщIэныр) ныкьуасаныгъэ 245-рэ кьыщахутащ. Яхуэзымыдэ тхыльу 3, кьалэн ящIэлащIу 17 кьуаншэхэм хуатхащ, сом зы мелуанрэ мин 683-м пэкlэу иск 54-рэ судхэм иратащ, кьулыкьущIи 10-м дисциплинэ жэуап ирагъэхьащ.

Псэупlэ-коммунальнэ комплексым законодательствэр зэрыщагъэзащIэм щыщIэныгъэ 176-рэ кьыщагъэуIащ. Яхуэзымыдэ тхыльу зы, кьалэн ящIэлащIу 81-рэ яткащ, кьулыкьущIэу 100 дисциплинэ жэуапхэм ирашэлIащ, 15-м хабзэм текI зэрымыхьунур гурагъэIуащ. Цыхуэхэм псэупlэмкlэ яIэ хуитыныгъэхэр зэрахъуэмэ ныкьуасаныгъэ 466-рэ кьыщахутащ, судхэм иск 30 иратащ, кьалэн ящIэлащIу щIыхьу 25-рэ кьуаншэхэм хуатхащ.

Дыкъэзыхъурехь дунейр хьумэным теухуа законодательствэр 86-рэ кьыхэзыдаудауэ кьыщIагъэщащ. Судым зы иск ягъэхьащ, кьулыкьущIэ 14 дисциплинэ, 18 административнэ жэуапхэм ирашэлIащ. Лъэпкъ проект пэрытхэр зэрагъэзащIэм щыщIэныгъэ 524-рэ кьыщагъуэтащ, хабзэм кьемызэгъэ правовой акту 17 кьыхэтрагъэувыIащ, респлубликэм и судхэм иск 65-рэ иратащ. Кьалэн ящIэлащIу тхыльу 42-рэ яткащ, кьулыкьущIи 2-м административнэ жэуап ирагъэхьащ, уголовнэ Iуэхуу 6 кьаIэтащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Илъэс 93-рэ ирокъу

Урысей ФСИН-м и КъБР-м щIиэ управленэм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэ федеральнэ Iуэхущlапlэр, республикэм и куейхэм щыIэ, жылагъуэм пэIэщIэ ямыщIу тезыр иригъэхьакlыныныкlэ къудами 10-р. Инспекцэхэм я учетым илъэсым кьриуфыдеу тезыр зыгъэралъхьахэу 3500-рэ кlуэцIрокI, абыхэм я лэжьакIуэхэм республикэм и жылагъуэ 150-рэ я нэIэм щIэтщ. ЯгъэтIысауэ тезырхэр лэжьыгъэкlэ зыгъэзэжкIуэжхэм я бжыгъэм зэрыхъэхъуэм кьыхэкIыу, зэтраублащ щIыпIэ самоуправленэмкlэ Iэнатlэхэм, республикэм и ОВД-хэм, УФМС-м, УССП-м, судхэмрэ прокуратурэмрэ ядэлэжьэныр.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэр кьызэрэгъэгъэпэщрэ илъэс 93-рэ зэрырикъум теухуа зэIущIэ Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм щекIуэкlащ. Абы кьрихьэлIащ УИИ-м кьалэныр щезыхьэкlа пенсионерхэр.

УФСИН-м и унафэщI къэраз кlуэцI кьулыкъум и полковник Федоров Василий кьызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэзамкlэ зэхуэгъэзащ. Урысей ФСИН-м и тхьэмадэ къэрал кlуэцI кьулыкъум и генерал-полковник Реймер Александр кьигъэхьа хъуэхъу телеграммэм зэIущIэр кьыщеджащ.

Зи кьалэныр кьэлэну зыгъэзащIэ, хуэгъэзащIэ кlэнэр зыIэрызыгъэхьа УИИ-м и лэжьакIуэ инэхъыбIхэм ведомствэ дамыгъэхэр, щIыхь тхылъхэр, ахъшэ, фэепль саугъэтхэр иратащ. Узышащагъэ быдэ, насыпэ, зэIуэзэщыгъэ яIэну, зыпарыт IэнатIэм екъуIэнныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну зэригуапэр абыхэм яжриIащ Iуэхущlапlэм и унафэщIым.

ЩIыналъэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм хохьэ гъэмкlэ и министерствэм Налшык къалэ щIэ Медико-социальнэ экспертизмкlэ и бюро №1-м и лэжьакIуэхэм ящыщ зым, хэтми следствэм иджыри имыубзыхуам, гурыIуэри, 2-нэ гупым хьыхь ныкьуэдыкьуагъэ зэрыбгъэдэлъымкlэ справкэ пIалъэншэу зыIэригъэхьащ.

А дэфтэрым ипкь иткlэ, 2001 гъэм и накьыгъэ маазэм кьыщыщIэдзауэ 2011 гъэм и накьыгъэ маазэм нэсыкьу ООО-м и унафэщым ныкьуэдыкьуагъэ пенсэу кьыIихащ сом мин 492-рэ. КьищынэмыщIауэ, а зэманым кьрибыбзэу ныкьуэдыкьуагъэ дэфтэр нэпцIкlэ КъБР-м Лэжьыгъэм-рэ социальнэ зыужьныныгъэмкlэ и министерствэм абы кьритащ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм тригъэжьауэдзаэм пэкlуэ сом мини 138-рэ.

ООО-м и унафэщым ильэси 2-рэ мазэ 2-кlэ тутнакъыщым исыну суд тращIыхьащ, ар гъэзэкlуэжьынкlэ зэрыгъэпэхъуэу.

ЩЭРДАН Борис,
КъБР-м щыIэ МВД-м Следствэмкlэ и управленэм и унафэщIым и кьуэдзэ кьалэнкlэр зыгъэзащIэ, юстицэм и полковник.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дэфтэр нэпцIкlэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и кlэм нигъэсащ Май кьалэм дэт псэупlэ унэхэм якlэльыплъ Iэнатlэхэм ящыщ зым и унафэщIым теухуауэ кьаIэта уголовнэ Iуэхур. Абы гъэпцIагъэкlэ зыкъэщIупщащ УФ-м и Генсэ фонду КъБР-м щыIэмрэ республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкlэ и министерствэмрэ я ахъшэу сом мин 492-рэ.

IуэхУР щызэхагъэкIым зэраубзыхуамкlэ, унафэщым и узынщагъэр зыхуэдэр кьримыгъэпщтэу, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкlэ и министерствэм Налшык къалэ щIэ Медико-социальнэ экспертизмкlэ и бюро №1-м и лэжьакIуэхэм ящыщ зым, хэтми следствэм иджыри имыубзыхуам, гурыIуэри, 2-нэ гупым хьыхь ныкьуэдыкьуагъэ зэрыбгъэдэлъымкlэ справкэ пIалъэншэу зыIэригъэхьащ.

А дэфтэрым ипкь иткlэ, 2001 гъэм и накьыгъэ маазэм кьыщыщIэдзауэ 2011 гъэм и накьыгъэ маазэм нэсыкьу ООО-м и унафэщым ныкьуэдыкьуагъэ пенсэу кьыIихащ сом мин 492-рэ. КьищынэмыщIауэ, а зэманым кьрибыбзэу ныкьуэдыкьуагъэ дэфтэр нэпцIкlэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкlэ и министерствэм абы кьритащ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм тригъэжьауэдзаэм пэкlуэ сом мини 138-рэ.

ООО-м и унафэщым ильэси 2-рэ мазэ 2-кlэ тутнакъыщым исыну суд тращIыхьащ, ар гъэзэкlуэжьынкlэ зэрыгъэпэхъуэу.

Пэжыр яп изыгъэщ Тау Пщыкъан

● ДифI догъэлъапIэ

ЭКОНОМИКЭ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и пэжькIуэ, РАЕН-м и академик, ИнформатикэмкIэ дунейпсо академием и действительнэ член Тау Пщыкъан Кьес и къуэр Шэджэм районым хыхьэ Кэнжэ къуажэм 1937 гъэм кьищалъхуащ. Тимирязевым и цIэр зезыхьэ Мэскуу мэкъумэш академиер 1960 гъэм кьиухащ. 1961 - 1972 гъэхэм кьрыубыдэу КъэбэрдейБалъкъэрым и совхоз управленэм и экономист нэхъыжьу, КъБАССР-м Мэкъумэш ерыскъыпхьэхэр къэлэжьынымрэ гъэхьэзырынымкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщIу, СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэ кьызэгъэпэщынымрэ улахуэр тынымкIэ и экономист нэхъыщхьэу, РСФСР-м Къэрал планымкIэ и комитетым деж щыIэ экономикэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт нэхъыщхьэм и секторым и Iэтащхьэу лэжьащ.

1972 гъэм республикэм къашэжри, КъБАССР-м Къэрал планымкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэу, 1975 гъэм КПСС-м и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и кьудамэм и тхьэмадзу ягъэуващ.

1980 - 1990 гъэхэм Тау Пщыкъан КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхуфэ депутатщ, 1981 - 1986 гъэхэм республикэм и Министрэм я Советым и УнафэщIым и кьуэдзэщ, Къэрал планымкIэ комитетым и Iэтащхьэщ.

1986 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр облсовпрофым и тхьэмадзу хахри, илъэс 20-м щIигъукIэ а Iэнатlэр хьэлэлу нуэтIащ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и унафэщIщ, республикэм и Iэтащхьэм деж щыIэ Советым хэтщ.

И кьалэн нэхъыщхьэхэм кьадэкIуэу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ кууэр прегъэкIэжкI. Лэжьыгъэ купщIафIэу 100-м щIигъу кьытрыригъэдзащ. «Хэкум и пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ», «ЩIыхьым и дамыгъэ», «ЗэныбжьэгъуГэ» орденхэр, медалхэр кьыхуагъэфэщащ.

Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и мафIэ лъытэм и гулыщIэ, абы и ужь лъэхъэнэ хьэлъэм и бэлыхь псори зи фэм дэкIа, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ иринкъуэ Тау Пщыкъан и зэфIэкIым, и IуэхущIафэм и гугъу ящIу щыIэхэхкIэ, пльэмыкIыкIу уогупсыс: «Сыту и насып ар кьызыхэкIа лъэпкьым, зыхуэпсэу и Iыхьлыхэм, и благъэхэм», - жыпIэу.

Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ

ЗЭРЫБЫНИТХУМ я нэхьыщIэмк, ар зы махуи и анэм и кIэкьуагъ кьуэсакьым. Зэхэзехуэн ящIри, 1937 гъэм я адэр яукIати, зеиншэу кьэна унагьуэр хуабжьу гугъу екьырт - я лъапсэр трахауэ я адэ кьуэш нэхьыщIэм и гуэщым щыпсэурт. ЩIы Iыхьэ кьрату ятIэ чырбышым кьыхэщIыкIа псэупIэ щаухуэфар Сталиныр дунейм ехыжу колхозым щыхагъэхьа 50 гъэхэм икуэ-ращ.

МащIэу кьэжэпхъа нэужь, абы и нэгу щIэкIащ а лъэхъэнэм щIыхуэхэм я фэм дэкIар, гурэ псэкIэ ягъэвар, бийм эзэтрикьута Iэнатlэхэр кьэIэтыжьиным, къэралыр ерыскъыпхьэкIэ кьызэгъэпэщыным щIыкIури инри эзрытлажьэр. И сабиигъэм илъэгъуа-зэхихахэр игьащIэкIи и гум кьинащ, нэхьыжьхэм я щапхьэфIыр бгъуазэ хуэхъуащ.

«Лъагъуэ урикIуэмэ, гъуэгу угоихь», - жаIэ. Iуэхущхуэхэм кьыхуалъхуа, мы гъащIэм кьалэн щхьэпэ щыгъэгъэзэщIэн хуейуэ кьызыпIэщыт ныбжьыщIэр, щкол нэужьым, Тимирязевым и цIэр зезыхьэ Мэскуу мэкъумэш академием щIэтIысхьащ. Кэнжэ адыгэ жылэжьым кьыщыхъуа щIалэщIэр жыдкэрт, щIэныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, едзэным хуэнэхъуеиншэт, жэщыбг хьуху тхьылым пэрысафынут. И ныбжьым емылъытауэ, балигъынэкIэ гъащIэм пхыпльыф, Iуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр псынщIэу кьэзыпхьуэтэф Пщыкъан и Iульадзкьм академием зыкъыщызэкъуихырт. И пщIэр зэрилытэжьым, гупсысэ кьабзэхэр кьызэрыбгъэдэкIым, зэрыкьылъ жаным папщIэ, студентхэм абы «и лъым мафIэ хэтщ» хуэжаIэрт.

ЕджапIэ нэужьым Тауи жэуапIыныгъэ ин зыпылъ Iэнатlэхэр ирихьэкIащ. Ар ящыщщ зи IуэхущIафэ хэлэлкIэ, зи дуней тетыкIэ дахэкIэ мы гъащIэм зи увыпIэ щызыубыдыжахэм. Яп ма-хуэхэм щегъэжьауэ зыщигъэгъупщакьым кьрагъэзэ дзыхьыр зыхуэдэр. А псор Iупщ1у хыбольагъуэ кьызэринэкIа илъэсхэм. КьулыкьущIэхэр Iэджэу зэщхьэщедз. Тауи кьыдекIуэкIыр унафэ щIыкIэм и нэщэнэ нэхьыфIхэрщ. И гур псоми яхуэзIухащ, зэпIэзэрытщ, ныбжьэгъу пэжщ, тегъэгушхуэкIуэ-уэзэщIакIуэщ. Илэжь, зэфIигъэкI Iуэхуэхэр щIыхухэм, гъащIэм, псуныгъэм зэрелъэлIар и напщIэм тельщ.

Тау Пщыкъан щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд и Iэдакъэм кьыщIэкIащ икIи кьытрыригъэдзащ. Абы игъэхъэзыраш республикэм и экономикэм пIалъэ кIыхькIэ зэрызиужьынум тещIыхьа программэхэр. Республикэм и Парламентым и депутату щыщщ1ам жэрдэм купщIафIэхэр кьыбгъэдэкIащ. Псалъэм папщIэ, «Инноваци лэжьыгъэ и Iуэхуэ]» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законыр кьызэращтам Пщыкъан и фIыщIэ хэлъщ. Абы кьызэрилъытэмкIэ, КъБР-м и промышленнэ Iэнатlэхэр щIыналъэм и экономикэ комплексым и лъабжьэр кьызэзыгъэпэщ Iуэхугъуэ нэхьыщхьэм ящыщщ. Тауи и жэрдэмкIэ Налшык щрагъэкIуэкIауэ щытащ щIыналъэ экономикэм пыщIа гугъуехьхэр щызэпкъраха яп щIэныгъэ-практикэ конференцыр.

Ельцин Борис я пашэу къэрал, хуэжЗр зэхьэжкIын политикэр кьыщрахьэжьам Таур облсовпрофым и тхьэмадэти, яхуэмыгъэзэкIуэжыну бэлыхьлажьэ гуэр кьызэрыхинур ирагащIэу кьыгурыIуат. «Гур зэрыгъум дыгъур ирокIу», - жыхуаIэрати, къэралыгъуэшхуэр зэтрагъэщаэрэ, цIыху лажьэнщэхэр бэлыхь хэмыкIыжьым хадзат. Iуэху зехьэхэр мыхьэмыщIэхэм псэуныгъэм пыщIа хабзэ зэтеувахэр зэтракъутрат, «рынок» фIащауэ ди гъащIэр бэзэрым хуагъакIуэрт, Iэнатlэхэр зэхуащIыжырт, щхьэхуещэхэм щIыхьэ мыплъкIр зэхадзыгъэрт. А зэманым Тау Пщыкъан ткIийуэ яп щIэуэн хуей хьуащ республикэм реформэ щезыгъэкIуэкIэм ящыщу профсоюзхэр зэкъуэзыщIэ хуэдэ зэхуэкIуэхэм. 2000 гъэм щкIуэгъэуэм и 24-м екIуэкIа КъБР-м и ФНП-м и етIуанэ конференцым профсоюзхэм я щIыналъэ органи-зацэм зэреджэр щахъуэжащ. А илъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ФНП-мрэ Iуэхущ1апIэхэм я профсоюзхэмрэ я лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкIэр, и унэтIыкIэр ирагъэфIэкIауащ, рынокым и лъэхъэнэм Iэнатlэм и зехьэкIэм мыЕйуэ зыхуагъэсащ, профсоюз зэщIэхьееныгъэм и иджырей идеологиер пхыгъэкIыным хуэгъэзауэ куэд зэфIагъэкIащ, социальэ зэдэлэжьныгъэр зэпымыуэу ирагъэфIэкIуащ. Таур зи пашэ Федерацэр щIэмычэу хущIэкъуащ социально-экономикэ Iэнатlэм пыщIа мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм хуаIэ еплъыкIэр реформэлIам и Iутащхьэм, Парламентым Правительствэмрэ жылагъуэмрэ я деж зэрынихьэсыным. Апхуэдэу игъэнэхъыщхьэр щыгъэбелджыла тхылъхэр гъэзэщIакIуэ, хабзэгъэуэ Iуэхущ1апIэхэм ягъэтащ.

Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр щиунэтIа зэманым Пщыкъан гуащIэрыпсэухэм я кьыщхьэщыжакIуэ нэсу зыкъыгъэльэгъуащ, республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр зэтес щIыным, жылагъуэм социальэ ткIийэгъэ кьыщыгъэщэбэным кьаруушхуэ ирихьэлIащ. Абы и щыхьэтщ и Iуэху еплъыкIэхэр щызэпкърихыу зэман зыхуэмыдэхэм кьытрыригъэда тхыгъэ купщIафIэхэр. КьащIэтэмэ, апхуэдэщ «Адыгэ псалъэ» газетым кьытехуа «Ухуэныгъэ Iэнатlэр лъэрызехьэ щIын» (2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м), «Лъэпощхьэпохэр кьызыхкIыр» (2006 гъэм щыщхьэIуэм и 23-м), «ЩIыхуэсхи и кьабзагъэр» (2009 гъэм щыщхьIуэм и 12-м), «ЩIалэгъуалэм заужьыныкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яхуэзфIэкIынур» (2009 гъэм фокIадэм и 5-м), «ЩIыхуэхэр зэкъуэзыгъэувэ къаруу» (2009 гъэм дыгъэгъаэзм и 19-м), «Къэбэрдей-Балъкъэрыр хьэщIэхэм пщIэ щыхуащI щыналъэщ» (2010 гъэм щыщхьэIуэм и 18-м), «ЛэжьакIуэбзм я кьащIхьэщыжакIуэ» (2010 гъэм фокIадэм и 21-м), «Узыншагъэм нэхъыщхьэ щыIэкъым» (2011 гъэм зэрэгъуэм и 11-м), «ЗэфIэдгъэкIаХэр мащIэкъым, нэхъыбэж кьыгъэпэщ1ыр» (2012 гъэм мазаем и 6-м), нэгъуэщI куэдри. КъехьэкI-нехьэкI хэмылъу, гъэхуауэ я тхыгъэхэм Тауи кьыщиIуатэхэр, и Iуэху еплъыкIэхэм щызэщIэхэм щIэлъыхьуэри.

Пщыкъан гъащIэ зыльэгъуа, абы и пIалъэм фIыуэ щыгъуаэ, зэфIэкIыхуэ зыбгъэдэль нэхьыжьыфIщ. КьикIуэ гъуэгуанэм сытепсэлъыхьыну кьыслъымысыщэми, кьыхэзгъэщIну сыхуейт Хэкум, лъэпкым яхуэпэжу, ищIэр фIэмащIэу, гугъуехьхэм кьапимыкIуэту ар дунеим эзрытетыр. И пщэ дэль кьалэнышхуэхэм кьадэкIуэу, ди банким и КIэлыплIакIуэ Советым и тхьэмадэщи, сыткIи арэзы дыкьишу ди Iуэхум хуэзфIэкIыр хецыхь. Иджыпсту хуэдэу си нэгу щIэтщ республикэм и Жылагъуэ палатэ кьызэгъэпэщыным и кьару емыблэжу зэрыхэлIыфIыхьар, гугъу зэрызэргъэхьар. Абы пщIэ лэжьыгъэхэр зэфIэзыхэри, палатэм и лъабжьэр зыгъэтIылъари Тауращ. Мыбдежым уогупсыс: «И мурадэр, зэуваIэр кьыщIехьулIэр и гур фIым зэретащ, сэбэп хьуным зэрыхуэщIэкъуащ», -жыпIэу.

Iуэхуфl Iэджэм кьыхуалъхуа, нэхьыбэж зыхуIэкIа, лъэпкым хьэлэлу хуэлажьэ Тау Пщыкъан сохьуэхьу и бынхэм я гуфIэгъуэм хэмыкIыу илъэс бжыгъэ куэд дяпэкIи кьигъэщIну, и хьуэпсапIэкэр кьехьулIэну.

АЖАХЪУЭ Кьанщобий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Бум-Банк» коммерцэ банким и унафэщI.

И дэтхэнэ махуэри купщIафIэщ

ЕкIуу, хуэфащэ пщIэрэ нэмысрэ кьыпхуащIу укъьэгъуэгурыкIуэныр Iуэху кьызэрыгуэкIкьым. Абыкъ гъащIэр зыхуэупсэр зи дэтхэнэ зы махуэри купщIафIэ, сэбэп зыпылъ IуэхуэхмкIэ гъэнщIахэрщ. А псори Тау Пщыкъан епхьэлIэ хьунущ. Шыхур нэхъыбэу кьызэральытэр и IуэхущIафэрщ, мы гъащIэм щитгъэзащIэ кьалэныращ. А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэрщ. Iуэхущ щIэлажьагъэм псэкIэ бгъэдэту кьекIуэкIхэм, и дуней тетыкIэ дахэмкIэ, и гуп хэтыкIэмкIэ зи пщIэр зыIыгъыжхэм.

ЗанщIэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт Пщыкъан кьызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр. Сышыстудента лъандэрэ ар сигу кьызэринэжар цIыху жьакIуэущ, нахуэущ. Емызэощ, лэжьыгъэкIэ ущIыхьэнукьым. УмыгъэщIэгъэнкIэ Iэмал имыIэу, Iэджи зэщIегъэхьэф. Тауи Iэпэгъу пэжу щIэныгъэр кьыдокIуэкI. ЗэрыщIалэ лъандэрэ Iуэхущ1эхэм хуопабгъэ, ахэр зэрыпхигъэкIыным зэпымыуэу хущIокъу, хамэ къэралхэм щекIуэкIэхэр, абыхэм кьыщIыхьу зэхьуэкIыныгъэхэр зыхуэдэр едж, ди республикэм дежкIэ сэбэп хуэну кьыльыгъэхэр зэпешэч. Ар ящыщщ щэнхабзэ куу щымыIэу рынок зэхущытыкIэхэм жыжьэ уэзрынамыхьэсынур пасэу кьызэгурыIуаэхэм. Куэд щIауэ зыхуIэкIыр экономикэм и щэнхабзэр кьэIэтыныгъ. Игъэнэхъщхьэр лэжьыгъэр зэрыдэжкIынымрэ щIыхум и сэбэп зыхэлъхэр хьумэным хуэунэтIауэ куэд зэфIэдгъэкIырт. Пщыкъан псоми хунэсырт, нэхъыщхьэу кьиныгъкIэм ущIадигъатэрт. Зы лъэныкъуэкIэ удалэжьэну тыншт, ауэ зымащIэкIэ зыщIебгъэхьыу, утеплъэкъуэкIыу кьыпхуидэнутэкъым, жэуапIныгъэр зыхэзымыщIэхэм яхуэткIийт. ЗоуэпIа Iуэхуэр и кIэм нимыгъэсауэ етIысэхьынутэкъым. Абы и унафэм сыщIэту профсоюзым сызэрыщIа илъэс 25-м кьэрыубыдэу Пщыкъан кьудэм сыхуигъэщIащ, сыхуигъэсащ, Iэнатlэ зехьэкIэм, унэтIыкIэм кууэ сыхигъэгъуэзащ.

Нэхъыжьыгъэхэм фIыуэ щIэлъэ къэралыр щакьутэжкъм щыгъуэ «демократ» зыфIэзэщIыжьм щхьэ пщтыр гуэрхэм профсоюзхэр зэкъуэудыну зэрыхущIэкъуар. Уеблэмэ, ар зэгрыгъэкIыжькIын хуейуэ кьагъэувырт. Тау Пщыкъан апхуэдэхэм ткIийуэ яп щIэуэрри, ди щIыналъэм и кьудамэ профсоюз organи зэхъуэгъуэващ. Ди жылагъуэм я гъащIэм пыщIэнэгъэ бгдэу хуаIэу, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ Iэхэугъуэхэр зэфIэхьынымрэ профсоюзхэр жьдэжэру хэтщ. Апхуэдэщ щIыхуэхэр хуэфащэ улахуэрэ лэжьапIэ тэмэмкIэ кьызэгъэпэщыныр, Iэнатlэхэм фэбжь кьэщIымыгъэхъныр, социальнэ щэсIапIэхэр, социальнэ-лэжьыгъэ Iуэхуэхэр дэзыгъэкIэм я хуитныгъэхэр хьумэныр, нэгъэущIхэри. Мис а псоми Тауи и гуащIэшхуэ хэлъщ. Сэ хуабжьу срогушхуэ я кьалэн инхэр икIи гугъуэхэр щыIэфIихьым Пщыкъан сыщэригъэсам. Иджыри зэ кьыхэзгъэщыну сыхуейт ар егъэлеяуэ зэрыгубзыгъэр, хабзэкIэ, унагьуэкIэ зэрыфIыр. Кьулыкъушхуэ иIыгъыу кьэкIуэкIами, адрейхэм закъыхимыгъэщу, кьызэрыгуэкIыу нобэм кьэсащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэр убзыхуным кьэрыущхуэ ирихьэлIащ. А Iуэхур зэтеувэкIкIэ еши етIысэхи иIакьым. Палатэм и Аппаратым и унафэщIу сыщригъэблагъэм, зы дакъикьи зызмыIэжьэу, кьызэмгъэзэ дзыхьыр гъэзэщIэным яужь сихьащ. А Iуэху зэтетым, акъылыфIэм сызэрыхуэзам, илъэс куэдкIэ профсоюзым сызэрыщыдэлэжьам, ноби зы Iуэху зэрыдэсщIэм срогушхуэ икIи кьаруущIэ кьысхелъхьэ.

Мы махуэхэм Пщыкъан хъуэхъу гуапэхэр хужаIэри, си гум кьыбгъэдэкIыу а псори ядызоIыт. Нэхъапэхэми хуэдэу, дяпэкIи екъулIэныгъэ нэрыльагъуэхэр иIэну си гуапэщ.

ИСАЕВЭ Татьянэ,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и унафэщI.

Тау Пщыкъан япэу школым кIуащ
(нжьымкIэ ещанэу щысщ). 1943 гъэ

КъБР-м и унафэщIхэм яхэту ТекIуэныгъэм и махуэр егъэлъапIэ. *2001 гъэ, накьыгъэм и 9*

Мэкъумэш академием щеджэ зэманым. Пщыкъан нжьымкIэ щыту. *1958 гъэ*

Лъэпкъ узыншэм къыхэкIа

ЛЭЩIЫГъУЭ блэкIам и 30 гъэхэм я кIэуэхым дунейм къыгъэхьа Тау Пщыкъан ящыщщ зи гъащIэ псор Iуэхущ1апIэхэр дахэкIэ гъэнщIахэм, лэжьакIуэшхуэхэм, набдзэгубдзапIэхэм, пэжым и щIэгъэлъапIэ-кьигъэхьуапIэхэр гупсэхуу кьэзытIэщIыфхэм. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэль, гупсысэ кууэр кьызыпкьрыкIыу щыпкъэщ. Куэдым гу лъетэ, хуабжьу гущIэгъуныщ.

ЗэрытщIэщи, щытхър дыщэм, налкьутым ещхьщ, щагъэтъапIэри щымащIэм дежщ, Зэманыфl хъуаэу Пщыкъан дэрэ дыкьышздокIуэкIри, щытхъу лей кьыщIлъэхъуа срихьэлIакъым, псэ кьабзэщ, фэрыщIагъым пэIэщIэщ. ЩIалэ дыдэу кьулыкьушхуэхэр дзыхь зыхуащIа Iэщ1агъэлIым Совет Союзым и лъэхъэнэмк, къэралыр якIуэжа нэужькIи и гупсысэ узыншэхэр, и акъыл жаныр зыхунгъэлэжьар, ноби зыхуиунэтIыр зэрыкIымрэ бэмрэ я зыуэщIыныгъэщ. Тауи и цIэр кьыгуэхьипIэ имыIэу епхащ щIэныгъэми, политикэми, экономикэми, гуащIэдэкI лэжьыгъэми, псэунныгъэми я Iэнатlэхэм.

Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ иринкъу Таур ящыщщ лъагъуэ дахэм, гушрылым тету ди нобэм къэсахэм. СССР-р щакьутэжым щыгъуэ ди псэукIэ-зэхэтыкIэм я гъабжьэр зэтещахэрт, гъащIэм кьыхьыхь зэIымыбз куэдхэм цIыхухэм я щхьэр щIрагъэхьэрт. А лъэхъэнэ хьэлъэм я курыкупсэм хэта Пщыкъан и нэгу щIэкIхэр псэкIэ игъэвырт. Профсоюз организацэхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым хьэкъыу пхыкIат зэманым зыдебгъэкIу кьудейкIэ зэрызэфIэмыкIыныр, атIэ хьэрэкъуакIэ дадзэжьыным нэса пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ зэфIэгъэувэжьыным ерыщу хущIэкъун зэрыхуеиР. Абы зригъэхъулIахэр куэд мэхъу. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэм, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкIэ министерствэм, КъБР-м и Парламентым зэгъусэу ягъэхъзыырри, «Социальнэ зэдэлэжьныгъэм и Iуэхуэ]» республикэ законыр кьащтащ. Iэнатlэ зытхэмрэ профорганхэмрэ зыубгъуауэ кьагъэсэбэп гъэныкъуитI, гъэныкъуищ зэгурыIуэныгъэхэм, гуп зэгурыIуэныгъэхэм ар лъабжьэ быдэ яхуэхъуащ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэр нобэ ди деж щыпхъь жыIагъэу организацэ ин дыдэщ. Социальнэ зэдэлэжьныгъэм и Iуэхур зыунэтIжьм, псом япэу гъэзэщIакIуэ, законгъэув властхэм, профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, отраслевой профсоюзхэм зэхущытыкIэфI зэхуаIэщ. А псом Тауи и фIыщIэ куэд хэлъщ.

Сэ зэрысщIэжкрэ республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм Пщыкъан жыджэру хэтщ, зэIущIэшхуэхэм гъэхуауэ икIи нахуэу кьыщопсалъэ, и гум и1ныр ехьэкI хэмылъу кьеIуатэ. Абы и пщIэр егъэлъагъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Жылагъуэ палатэ кьыщызэрыгъэзэщIну зыщыхуагъэзам, а Iуэхущ1эм кьыпикIуэтакъым, уебгъэмтегушхуауэ нужь ихьэри, жэуапIныгъэ инэ хэлъу, дэрэжэгъуэ иIэу, еш имыщIэу я Iэнатlэр зэтригъэуващ. Иджы нобэ абы и зэфIэкIым нэрыльагъуэ хохьуэ, республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэн куэд етъэащIэ.

УнафэщI Iэзэ, гумызагъэ, пъэпкъ узыншэм кьыхэкIа Тау Пщыкъан мурадыфIхэр и бащIэ кьыщащхуа махуэм ирихьэлIащи, зыхуэпабгъэ псори кьехьулIэну си гуапэщ.

АТТАЕВ Жэмал,
«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и кьуэдзэ.

Игъэлъэгъуэн щхьэкIэ абы зыри ищIэркъым

ОБЛСОВПРОФЫМ и унафэщIу щыта Созыкьанэ Роза университет нэужьым я Iуэхущ1апIэм сригъэблагъат. Ауэ си тхьылъэр зэфIэмыкьэурэ, абы и пIэм Тау Пщыкъан кьагъэкIуати, сыIэнкунт, и дзыхь кьызимыгъэзу кьысщIэхуэ, «ПэжьапIэм сыкъимыщтэмэ», - жысIэу сыгуавэрт. Ауэ сригъэблагъэу гупсэхуу кьызэпсэльа нэужь, зэрыщIыхь гумызагъэр, Iэщ1агъэлIхэм пщIэ зэрахуищIыр, абыхэм зэрахуэсакьыр хьэжьыу спхыкIат. Горбачевыр властым техьэу «зэхъуэкIыныгъэр» кьыщыхихьа лъэхъэнэрати, профсоюзхэм я зэфIэкIыр иджыри зэрыинт. Зэманым кьиргъэувэм дапэхъун щхьэкIэ, Таур ди пашэу кьалэныщIэхэм деувалIэрт, IуэхугъуэщIэхэр кьыхэтпльэфрт, пэжькIыгъэ зэрахуищIыр, абыхэм зэрахуэсакьыр хьэжьыу спхыкIат. Горбачевыр властым техьэу «зэхъуэкIыныгъэр» кьыщыхихьа лъэхъэнэрати, профсоюзхэм я зэфIэкIыр иджыри зэрыинт. Зэманым кьиргъэувэм дапэхъун щхьэкIэ, Таур ди пашэу кьалэныщIэхэм деувалIэрт, IуэхугъуэщIэхэр кьыхэтпльэфрт, пэжькIыгъэ зэрахуищIыр, абыхэм зэрахуэсакьыр хьэжьыу спхыкIат. Горбачевыр властым техьэу «зэхъуэкIыныгъэр» кьыщыхихьа лъэхъэнэрати, профсоюзхэм я зэфIэкIыр иджыри зэрыинт. Зэманым кьиргъэувэм дапэхъун щхьэкIэ, Таур ди пашэу кьалэныщIэхэм деувалIэрт, Iуэхугъуэщ1эхэм

● Футбол

Лъэ быдзкІэ «Спартак-Налшыкым» къыхьыхьащ гъуащхьэхъумэ Абазэ Руслан (№57).

Болэ Руслан (№88) и яп топыр премьер-лигэм щыдегъэкІ.
Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

КІэухыр нэгузыужьт

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Краснодар» (Краснодар) - 3:3 (2:2). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 13-м. ЦІыху 2500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: КАЮМОВ (Мэзкуу), Лапидус (Элиста), Глот (Ярославль).

«Спартак-Налшык»: Будаков, Багаев, Джудович, Абазэ, Концедалов (Голич, 90+2), Балэ (Буйтрагэ, 65), Рухаиа, Фомин, Захирович, Гъэзощхъуэ, Болэ (Сирадзе, 82).

«Краснодар»: Городов, Амисулашвили, Марков, Анджелкович, Мартынович, Дринчич (Чуперкэ, 84), Жоазуиньо, Марсиу, Ламбарский (Пикущак, 58), Марцваладзе (Голышев, 88), Мовсисян.

Топхэр дагъэкІащ: Концедаловым, 8 (1:0), Марцваладзем, 11 (1:1), Болэм, 14 (2:1), Ламбарский, 20 (2:2), Мовсисян, 70 - пенальтикІэ (2:3), Концедаловым, 76 (3:3).

Дагъуэ хуащІащ Гъэзощхъуэм, Болэм, Балэм, Мовсисян, Пикущак, Багаевым.

«СПАРТАК-Налшыкым» премьер-лигэм мы гъэм иужьу щригъэкІуэкІа зэІущІэм емыплъахэм куэд яфІэкІуэдащ. Япэрауэ, ахэр хэкІыжащ зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу топих зэрыдагъэкІам. ЕтІуанэрауэ, хэт ищІэн дэ иджы къэралым и гуп нэхъыщхьэм футболымкІэ щекІуэкІ зэхьэзэхуэм Налшык щыІэу дыщыкІэлъплъынур? Абы щыгъуэми, «Спартак-Налшыкым» хэт щІалэхэм ялъэкІ къагъэнакъым кІэух зэІущІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхъэм ягу кьинэн папщІэ. Икіи ар абыхэм къайхъулІащ.

Лъэныкъуэхэр зэгурыІуам хуэдэу, джэгум зэрыщІидзэу ебгъэрыкІуэу хуежьащ. Зэм зы лъэныкъуэмкІэ, къыкІэлъыкІуэу адрейм кІэ гъащхьэхуэхэм я Іэзэгрыф къыщагъэльагъуэрт. Дакьикьий ным и дикторым командэхэм я гъэхэм я гъэщІэгъэн кьрІыІуэн нухатэжьым, «Спартак-Налшыкыр» япэ щищам. Шалэгъуэлэр зыгъэльэщащ Сирадзе Давид бжьыгъэ кьыз эІуихащ.

Зэман дэкІуэу хьэщІэхэм ар зэхуэдэ ящІыжьыфам, щэч хэльтэкьым налшыкдзэхэм текІуэныгъэр зэрызыІэщамыгъэкІынум. ДакьикьитІ хуеяуэ аращ аргуэру ахэр яп ищыжьаным. Зигъэпсэхуну имыкІ щыкІэ Шауейм ЗырзэмрэзэмрэІ зэкІэльхьэужьу дагъэкІа топхэм «Спартак-Налшыкым» «Б» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и пашэныгъэмрэ дыщэ медалхэмрэ кьахъхьащ. «Ростов»-р 0:1-уэ «Томь»-м кьыз эрыхигъэщам кьыхэкІыу.

Щалэгъуэлэ зэпеуэм хэт адрей командэхэми кІэух зэІущІэхэр ирагъэжьащ. Мис абыхэм кьарикІуа бжыгъэхэр: *«А» гупым* - **«Локомотив» - «Спартак» - 0:0, «Рубин» - ЦСКА - 0:1, «Анжи» - «Зенит» - 1:2, «Кубань» - «Динамо» - 1:5; *«Б» гупым* - «Крылья Советов» - «Тэрч» - 3:1, «Амкар» - «Волга» - 1:1.**

МЭЗКУУ Къанщобий.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я щІалэгъуалэ гупхэм 2011 - 2012 гъэхэм ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм кьрикІуар

«Б» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ .	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	14	8	2	4	21-21	26
2. «Ростов»	14	7	3	4	19-13	24
3. «Тэрч»	14	6	4	4	25-20	22
4. «Крылья Советов»	14	6	3	5	24-17	21
5. «Амкар»	14	5	5	4	22-15	20
6. «Краснодар»	14	4	5	5	18-22	17
7. «Томь»	14	5	1	8	16-24	16
8. «Волга»	14	2	3	9	19-32	9

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я щІалэгъуалэ гупхэм 2011 - 2012 гъэхэм ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм кьрикІуар

«А» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ .	Т.	О.
1.«Зенит»	44	24	16	4	85-40	88
2.«Спартак»	44	21	12	11	68-48	75
3. ЦСКА	44	19	16	9	72-47	73
4. «Динамо»	44	20	12	12	66-50	72
5. «Анжи»	44	19	13	12	54-42	70
6. «Рубин»	44	17	17	10	55-41	68
7. «Локомотив»	44	18	12	14	59-48	66
8. «Кубань»	44	15	16	13	50-45	61

«Б» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ .	Т.	О.
9. «Краснодар»	44	16	13	15	58-61	61
10. «Амкар»	44	14	13	17	40-51	55
11. «Тэрч»	44	14	10	20	45-62	52
12. «Крылья Советов»	44	12	15	17	33-50	51
13. «Ростов»	44	12	12	20	45-61	48
14. «Волга»	44	12	5	27	37-60	41
15. «Томь»	44	8	13	23	30-70	37
16. «Спартак-Налшык»	44	7	13	24	39-60	34

«Спартак-Налшыкыр» зыхэт гупым щытокІуэ!

Щалэгъуалэ зэпеуэ

Дыщэ медалхэр къэзыхьа «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэр.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Краснодар» (Краснодар) – 3:1 (3:1). Накьыгъэм и 12-м. Прохладнэ. «Центральный» стадион. ЦІыху 700 еплъащ.

Судьяр Парфентьев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Луканченков, Сирадзе (Къуэшыкоокуэ, 46), Голич (Шэрий, 46), Мырзэ (Атаев, 80), Ковальский, Шауей, Мэкъуауэ, Хьэгъэбанэ (Егъэн, 89), Гъурф (Кубалов, 81), Бащэ (Бай, 24).

«Краснодар»: Кавлинов (Горячкин, 64), Ахриев, Михайлов, Лузин (Фарион, 83), Хмелевский (Зябиров, 58), Ермаков (Рябов, 46), Гариков, Петров (Марушкэ, 77), Морозов, Комличенкэ (Перевалов, 61), Татарчук (Серегин, 46).

Топхэр дагъэкІащ: Сирадзе, 4 (1:0). Комличенкэ, 26 (1:1). Шауейм, 28 (2:1). Мырзэм, 37 (3:1).

«Б» ГУПЫМ пашэныгъэ щызыубыдар зэхэкІын папщІэ, иужьрей джэгуГъуэм куэд дыдэ елыытат. «Спартак-Налшыкым» и щалэгъуалэ гупыр абы щытекІуэкІэ зэфІэкІынутэкъым, атІэ зы очкокІэ яп иригъэща «Ростов»-р Томск къыщыхагъэщІэн хуейт. Псори дызэрыхуейм хуэдэу хьуащ икІи ар щІалэщІэхэм зыхэт гупым яп увыпІэр къыщахьуат!

Джэгум щИдзэри, стадионым и дикторым командэхэм я гъэхэм я гъэщІэгъэн кьрІыІуэн нухатэжьым, «Спартак-Налшыкыр» япэ щищам. Щалэгъуалэр зыгъэльэщащ Сирадзе Давид бжьыгъэ кьызэІуихащ.

Зэман дэкІуэу хьэщІэхэм ар зэхуэдэ ящІыжьыфам, щэч хэльтэкьым налшыкдзэхэм текІуэныгъэр зэрызыІэщамыгъэкІынум. ДакьикьитІ хуеяуэ аращ аргуэру ахэр яп ищыжьаным. Зигъэпсэхуну имыкІ щыкІэ Шауейм ЗырзэмрэзэмрэІ зэкІэльхьэужьу дагъэкІа топхэм «Спартак-Налшыкым» «Б» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и пашэныгъэмрэ дыщэ медалхэмрэ кьахъхьащ. «Ростов»-р 0:1-уэ «Томь»-м кьыз эрыхигъэщам кьыхэкІыу.

Щалэгъуалэ зэпеуэм хэт адрей командэхэми кІэух зэІущІэхэр ирагъэжьащ. Мис абыхэм кьарикІуа бжыгъэхэр: *«А» гупым* - **«Локомотив» - «Спартак» - 0:0, «Рубин» - ЦСКА - 0:1, «Анжи» - «Зенит» - 1:2, «Кубань» - «Динамо» - 1:5; *«Б» гупым* - «Крылья Советов» - «Тэрч» - 3:1, «Амкар» - «Волга» - 1:1.**

МЭЗКУУ Къанщобий.

Зэ1ущІэ нэужьым

МУСЛИН Славолюб,
«Краснодар»-м и тренер нэхъыщхьэ:

ПсынщІэу къагъэззэжыну сыщогугъ

- Нобэ зэпэщІэта командитІым джэгукІэ удэзыхьэх къагъэлъэгъуащ, ар топджэгум дихьэхъэм ягу иримыхьынкІэ Іэмал иІэкъым. Налшыкдэсхэр хуабжьу сигу ирихьащ икІи етІанэгъэ гуп нэхъыщхьэм къагъэззэжыну сохъуэхьу.

- **«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Захирович Аднан фыкъыщІэупщІэу жаІэри, пэж?**

- Ди командэм зигъэльэщыну хущІокъуу. АбыкІэ сэбэп къытхуэхъуфынущ Захирович. Ар Іэзэу мэджэгуф.

ШЫПШ Тимур,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ:



Хэт къэнэнуми тщІэркъым

- Нобэ цІыхуэхэм я нэгу зедгъэужьащ. «Краснодар»-мрэ дэрэ ди зэІущІэхэм, хабзэ хъуауэ, топ куэд щыдыдогъэкІ. Джэгум и яп ІыхьэкІ нэхъ рэдэхъуЛауэ къызолъытэ. КІэух бжыгъэри зэІущІэр зэрекІуэкІам хуэфащэщ.

- **Футбол Лъэпкъ Лигэм ди командэм хэту щыдэжэгунухэр убыхуа хъуа?**

- Ар нобэкІэ хуабжьу упщІэ гугъущ. Абы и жэуап зыми зэкІэ къуитфынукъым - хэт къэнэнуми тщІэркъым. АрщхьэкІэ Футбол Лъэпкъ Лигэм щедгъэкІуэкІыну дэтхэнэ зэІущІэми текІуэныгъэм дыщыхущІэкъунущ икІи, шэч хэмылъу, премьер-лигэм икІэщІыпІэкІэ къызэрыдгъэзэжьнум ди къару псори етхьэлІэнущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

БЕППАЕВ Сергей Маштай и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщІыныгъэ хьэлъэ игъэтащ. И ныбжьыр илъэ 77-м итУдийм ехьажащ цІыху гъуэзджэ, КъБАССР-м щыхъ зиІэ и артист, республикэм и Ленинскэ комсомолым и саугъэтыр япэу зрата, цІыхубэ, эстрадэ уэрэдым зегъэужьным куэд зэрыхигъэхьам папщІэ «Амра» адыгэ лъэпкъ саугъэтыр зыхуагъэфэща Беппаев Сергей Маштай и къуэр.

Беппаев Сергей Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыщ Щэджэм Ищхъэрэ къуажэм 1935 гъэм накъыгъэм и 9-м къыщалъхуащ. Абы зыхузбгъэдэн щымыІэ макъ дахэрэ артист зэфІэкІрэ зэрыхэлъыр щыщІыну щІэныгъэмкІэ наІуэ хъуащ. 1956 гъэм Сергей Къыргызыз къэрал музыкэ-хореографие ежаІэм и уэрэджьыкІуэ къудамэр къыиуащ. А гъэ дыдэм хэкум къыгъэзэжри, Налшык щылажьэу хуежьащ. Ящ дыдэу ар уэрэдым рэ къафэмкІэ «Кабардинка» къэрал ансамблым хыхьащ, иужькІэ КъБР-м и къэрал филармоним щыІащ.

Илъэс щэщІрэ тхум щІыгъуэкІэ абы и макъыр радиорэ телевиденэкІэ республикэм и жылагъуэ нэхъ пхыдза дыдэхэми дэсхэм зэхахащ. Беппаев Сергей зэхуэдэу удихэхыу жиІэрт лІыхъужьыгъэ уэрэдхэри, лъагъуныгъэ уэрэдхэри, гушыІэ уэрэдхэри. Республикэм и жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ Іуэхуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуэджэмрэ я декадэу Москва е СССР-м и

республикэхэм я къалащхьэхэм зыри щекІуэкІыртэкъым Беппаев Сергей хэмыту.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщым блэкІа лІэщІыгъуэм и хьщІ гъэхэм щегъэжьауэ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я мызакъуэу, СССР-м и нэгъэщІ щІыналъэ куэдми концертхэр щитащ. Профессиональнэ Іэщ-ІагъэщІ зиІэ балъкъэр уэрэджыкІуэ Беппаев Сергей къыдихьыжащ. ящыгъупщэжа лъэпкъ уэрэд куэд. Абы и псэр зыхилъхьэ макъамэхэр псоми ягу къинэрт и Іэзагъэм и фІыщІкІэ.

1963 - 1989 гъэхэм Беппаев Сергей КъБР-м и радиомрэ телевиденэмрэ я хорым и солистуу щытащ. ИпэжьпІэкІэ цІыхуэ уэрэджыкІакІуэ къэпльыгъэ хьуну артистым я зэманым игъэзэщІащ республикэм и композитор цІэрыІуэхэм макъамэ зыщІалъхьа уэрэду щитым щигъу. Урысейпсо стуцием абы и уэрэдхэр зытет пластинкэу щэщІым щигъу къыдигъэкІащ, и концертхэм телефильм куэд трахащ. Ахэр КъБР-м и радиомрэ телевиденэмрэ дыщэм пальыт я фонду ябж.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэд гъуэзджэм зегъэужьным хилэжьыхьам папщІэ Беппаев Сергей Правительствэм и наградэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Указкіэ «Лэжьыгъэ щІыхьым папщІэ» медалыр къратащ. Творческэ лэжьыгъэм щыпэрта илъэсхэм абы къратащ Украинэм, Тыркумэным, Латвием, Ростов, Липецкэ, Смоленскэ областхэм, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я правительствэхэм я Щ1ыхь тхьпльхэр.

Абы и псэмрэ и зэфІэкІымрэ цІыхуэхэм яхуэзІуэкли, езыми пщІэшхуэ къыхуащІырт, псоми кьалъытэрт. Беппаев Сергей Маштай и къуэр дэ зэи дигу ихункъым.

Къаныкъуэ А. Б., Чеченов А. А., Гертер И. К., Жамборэ В. С., Жылэ В. Хь., Бакъ Р. Б., Бозий Н. М., Въэрокъуэ В. Хь., Гъэсашэ Н. Кь., Жаным Р. М., Зумакулов Б. М., Зумакулова Т. М., Къумахуэ М. Л., Макитов С. И., Рахаев А. И., Саенко Т. В., Сарбашев А. М., Созаев А. С., Тау П. Кь., Таукенова Г. М., Темыркъан Б. Хь., Уянаев К. Хь.-М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., Черкесов Г. М., Ерчэн Т. Хъу., Ефэнды Дж. Къ.

Ныбжьыщ1эхэр зэрагъэц1ыху

Налшык къалэм дэт «Маяк» зыгъэпсэхупІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Зэныбжьыгъуэхэм (кунаххэм) я щІыналъэ утыку (лагерь)» жьауІэ зэхуэсыр. Ар къыхэгъэпэщ КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьанысыгъэхэм я Іуэхухэмкіэ и къэрал комитетым.

КАВКАЗ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыпсэу ныбжьыщІэхэр зэрыгъэщІыныращ мы Іуэхугъуэр къезыхьэжьахэм кьалэну зыхуагъэувыжьыр. Зи гугъу ящІа жьантитым и Іэщащхьэм и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт зэрыжиІэмкІэ, мыпхуэдэ яп зэхуэсыр 2009 гъэм ди республикэм щекІуэкІауэ щытащ, итІанэ абы кьыхашащ нэгъэщІ хэгъэгу-хэрэ.

- Мы зэхьэхэр Іуэхугъунтім теухуащ: «Мамырыгъэр хьумэнымрэ динкІэ, хабзэкІэ зэтемыхуэ я лъэпкъэр зэхуэтэмакъыкьыныпрэ», адрейр «Къэбэрдей-Балъкъэрыр си республикэщ» гъэпсэгъуэныгъэу щытащ, - жеІэ Гергоковым.

ХьэщІэхэр щрагъэблэгъа «Маяк» зыгъэпсэхупІэр Налшык кьалэ тхьдэ-архитектурэ мыхьэнэ зиІэ и ухуэныгъэхэм ящыщ зыщ. Хэку заузшхуэм и лъэхъэнэм мыбы щыІащ уІэгъэ хьуа сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ щагъэхьуж сымаджэщ №2441-р. Иджы ар зыгъэпсэхупІэщ, зэуэ щыхуэн 120-м я узынщагъэм щыкІэлъыплъу.

Махунтікіэ екІуэкІыну зэхьэхьэм кьекІуэлІат Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъэуэгу псомэ кьыкІахэр. Абыхэм я нэхъыбэр зи ныбжьыр илъэс 14 - 16 хьу школакІуэхэщ. Лъэпкъ куэдым кьахэкІа ныбжьыщІэхэр зэшэлІэным, ныбжьэгъу зэхуэщІыным епха Іуэхугъуэхэр кьызэрыщыхьыр зэдгъэщІэну дэ зыхуэдгъэзащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм Лъэпкъ Іуэхуэмкіэ, щыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэмрэ печатымкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Абыгтіэ Щэмел.

- Дэ Черкесск дыкъынкІащ, мыпхуэдэ зэхьэхьэм мыхьэнэщхуэ зэриІэм тетщІыхьу. Ипэжьэм адыгэхэм диІащ быфэкъуэу, быфэпхъуэ жаІэу быфэкъуэ адэм ирагъэгъэсэну ратхэр. Мы Іуэхугъуэ кьрахьащхьар абы тІэкІу изогъэшхъ. Совет лъэныкъэмкІэ зэхуаку зэныбжьыгъуэхэмкІэ клубхэр щыІащ. Сэ сощІэж сыныбжьыщІэу апхуэдэхэм ящыщ зым щысцІыхуауэ щыта, Учкекен щыщ къэрэшей щалэр цІыкІур. Абыгъэ сэрэ нобэр кьыздэсым дыдэмкІыжьащ. ІкІи, сэ кьыздэрыслъытэмкІэ, мыпхуэдэ зэхьэхьэм кьекІуалІэ цІыкІуэр зыгъэхьэщІуэ унагъуэр лъэпкъкІэ нэгъуэщІмэ нэхъыфІщ. Псалъэм папщІэ, ныбжьыщІэхэм я зи чэзу зэхуэсыр Къэрэшей-Шэрджэсым щыщедгъэкІуэкІкІэ, ди мурадщ фи деж никІ адыгэхэр къэрэшей, нэгъуэй унагъуэхэм ятІупщу, батъкъэрэхэр адыгэхэм е абазэхэм яхэтщну, Абы дыхэрешалІэ, - жиІащ Щэмел.

Нэгъабэ Щэшэн Республикэм щыхьэщІа, тэрчдэс, зи ныбжьыр илъэс 16 хьуа Кьасым Алим мыращ кьыздиІар:

- Хуабжьу гукъынэжщ нэгъуэщІ щІыпІэ ущыІэнри унагъуэ гъэрым ущыхьэщІэнри. Абы кьыщыпщІэр, ныбжьэгъу кьыщыпхэхьуэр апхуэдизкІэ унту дохьэ, щІэщыгъуэ пщІохьри, уи гъащІэкІэ пщымчъупщынчъ хуэдизщ.

АБАЗЭХЭ Пщымахуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономико-правовой лицейм щекІуэкІащ «Щалэгъуалэмрэ хабзэмрэ» зыфІащ 3-нэ республикэпсэ зэпеуэ.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ КъБР-м Щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ Налшык кьалэ щІэныгъэмкІэ и департаментым сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ и центрымрэ.

КъБР-м Щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствам и кьудамэм и унафащІ Текуев Аслъэн зэрыжиІэмкІэ, зэхьэзэхуэ лІэужьыгъуэм щІалэгъуалэр зыхуиущІыр къэралым щыІэкІуэ хабзэхэр нэхъыфІу ящІэн зэрыхуейм и закъуэкъым, атІэ узыщыпсэу жылагъуэр зэпІэзэрыту щытыным апхуэдэ щІэныгъэр зэрыхуэщхьэпэр кьыбгурегъаІуэ.

Зэпеуэм гупих хэтати, къэралым щызекІуэ хабзэхэр зэгъэщІэным псори зэреліэлІар нэрылъагъут. Ауэ, зэхьэзэхуэ щыхъукІэ, кьахэжьаныкІаи щыІащ: япэ увыпІэр зэдагъэшащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэ колледжымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и педагогикэ колледжымрэ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● Щ1эблэмрэ хабзэмрэ

Щ1эныгъэ щхьэпэ

ГъуэлІэр зыхуиущІыр къэралым щыІэкІуэ хабзэхэр нэхъыфІу ящІэн зэрыхуейм и закъуэкъым, атІэ узыщыпсэу жылагъуэр зэпІэзэрыту щытыным апхуэдэ щІэныгъэр зэрыхуэщхьэпэр кьыбгурегъаІуэ.

Зэпеуэм гупих хэтати, къэралым щызекІуэ хабзэхэр зэгъэщІэным псори зэреліэлІар нэрылъагъут. Ауэ, зэхьэзэхуэ щыхъукІэ, кьахэжьаныкІаи щыІащ: япэ увыпІэр зэдагъэшащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэ колледжымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и педагогикэ колледжымрэ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖЬэКІэмыхьу Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Щирдий Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадин** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэмп Залин, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъаро Алик.**

КъыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжьэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, еплІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1ап1эхэм яжьлажьэныжьІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмохэмкІэ - 42-22-88; егъэжьнагъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пажэныкІэ ахэр зыгъэхьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІынагъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтынигъэр хьумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1ап1эм №П-0065-м щ1эныгъэ ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык кьалэ,
Лениным и щ1экІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Къаншокъуэ Элэ, редакторэ ЖЬэКІэмыхьу Марин, корректорхэу Щ1ОДЖЭН Инир *(1, 4-нэ нап.)*, Щ1ОДЖЭН Занр *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэкьыкъуэгъу* Мырзэкан ФатІимэ. *Компьютерк1э газетым и тепІэр ящІащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьэу Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэ сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №1234